Зыщ ди блэкӀари, зыуэ щрет ди къэкӀуэнури!

ФИФӀ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ӀЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКӀУ

# Адыгэ Псалъэ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКӀ

№152 (24.902) ● 2025 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокӀ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



# ЦӀыхухэр куэдкӀэ нэхъ зэкъуэт хъуащ

**Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир хабзэу зэригъэувам тету, мы гъэми теленэтын занщӀэмрэ пресс-конференц инымрэ зы ищӀри, федеральнэ, щӀыналъэ журналистхэмрэ къэралым и цӀыху къызэрыгуэкӀхэмрэ я упщӀэхэм жэуап иритащ. Ар щекӀуэкӀащ Москва и «Гостиный двор» хэщӀапӀэм. Фигу къэдгъэкӀыжынщи, Президентым зэрызыхуагъазэ упщӀэхэр дыгъэгъазэм и 4 лъандэрэ зэхуахьэс.**

ЗЭӀУЩӀЭР щӀидзэным и пэ къихуэу упщӀэ мелуани 2,5-м нэблагъэ къызэрагъэхьар ягъэбелджылащ къызэгъэпэщакӀуэхэм. ТхьэмахуитӀым щӀигъукӀэ жэщи-махуи ахэр зэхуахьэсащ ЦӀыхубэ фронтым и лӀыкӀуэу цӀыху 200-м щӀигъум. Абыхэм я нэхъыбэр къикӀащ Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Краснодар крайм, Свердлов, Ростов областхэм. ЗэӀущӀэм щӀэсащ щӀыпӀэ, щӀыналъэ, федеральнэ журналисту, хамэ къэралхэм, уеблэмэ димыныбжьэгъу къэралхэм щыщу кърагъэблэгъа корреспонденту, дэ-корреспонденту 650-рэ. Абы къыщынэмыщӀауэ, Путин Владимир зыхуагъэзащ Ӏэмал зэмылӀэужьыгъуэхэмкӀэ. ЗэӀущӀэм къырихьэлӀа журналистхэм, телевиденэм и ӀэмалхэмкӀэ зыпызыщӀахэм, социальнэ сетхэмкӀэ къэтхахэм, нэхъ пасэу зи упщӀэхэр къэзыгъэхьахэм, видеокӀэ къэпсэлъахэм, унэм щӀэсу къепсэлъахэм нэмыщӀ, Украинэм щекӀуэкӀ дзэ Ӏуэху хэхам и лӀыкӀуэжьхэм я упщӀэхэри къыщыӀуащ зэӀущӀэм.

Пресс-конференцыр езыгъэкӀуэкӀа Березовская Екатеринэрэ Зарубин Павелрэ зэӀущӀэм и пэщӀэдзэм жаӀащ упщӀэ пщӀы бжыгъэхэм зэрыхэплъар, ахэр гъащӀэм и лъэныкъуэ куэдым зэрытеухуар. Псом нэхърэ нэхъыбэр псэукӀэм ехьэлӀами, куэдыр зыгъэпӀейтейр дзэ Ӏуэху хэхар зэрекӀуэкӀымрэ ар щиухынумрэт.

Адрей илъэсхэм къыщхьэщыкӀыу, Путин Владимир къызэрищӀидзар УФ-м и Главнокомандующэм и жэуапкӀэщ. Зауэ хьэмэрэ мамырыгъэ?

- Иджыри хуэхьэзыркъым къытпэщӀэтхэр мамырыгъэм. Дигу къэдывгъэгъэкӀыж Ӏуэхур къызэрыщӀидзар. 2014 гъэм Украинэм къэрал зэхуэкӀыныгъэхэр къыщыхъуащ, Минск зэгурыӀуэныгъэхэм япкъ иткӀэ, гугъуехь псори мамыру зэфӀахыну жаӀэу. 2022 гъэм Украинэм и ипщэ-къуэкӀыпӀэ лъэныкъуэм тетыгъуэр зыубыдахэм зауэ къыщигъэхъеящ. Дэ абы щыгъуэм жыетӀащ: «Мы республикэхэм я Ӏуэху зевмыхуэу, тыншу вгъэпсэу». Абы папщӀэ я дзэхэр ирашын хуейуэ арат а щӀыпӀэм. Къытхуадакъым, Истамбул щекӀуэкӀа зэпсэлъэныгъэми дыкъыщагъэгугъэ хуэдэу ящӀри, ядэжакъым. Иджыпстуи ар ащ екӀуэкӀыр, хуейкъым ахэр мамыру Ӏуэхур иухыну. Дауэ хъуми, долъагъу икӀи къыдгурыӀуэ зэгурыӀуэныгъэхэм гъунэгъу зэрыхуэхъур иувыкӀауэ къытпэщӀэтхэр. Сэ сытым дежи жызоӀэ дэ мы зэпэщӀэувэныгъэм дызэрыхуэмейр, едгъэухыну дызэрыхущӀэкъур. Абы папщӀэ нэгъабэ къэдгъэлъэгъуа жыпхъэхэр ягъэзэщӀэн хуейуэ аращ, – жиӀащ Путиным.

Нобэ зэуапӀэм щекӀуэкӀым щыщӀэупщӀэм, Президентым жиӀащ: «Урысейм ӀэщэкӀэ ЗэщӀэузэда и Къарухэр зэпэщӀэтыныгъэр щекӀуэкӀ лъэныкъуэ псомкӀи щохъулӀэ. Языныкъуэхэм деж нэхъ псынщӀэу, нэгъуэщӀ щӀыпӀэхэм нэхъ хуэму кӀуатэурэ. Къапщтэмэ, ди дзэхэм нобэкӀэ къалэхэм я процент 50-р къащтащ. КъытпэщӀэтхэм Ӏэщэр ягъэтӀылъыну унафэ яӀакъыми, гуп-гупурэ йокӀуэт».

И къэпсэлъэныгъэм къыпищэу, къэрал Унафэщӏым мащӀэу тепсэлъыхьащ 2025 гъэм Урысейм и экономикэр зыхуэдэм. Путиным зэрыжиӀамкӀэ, ВВП-р зы процентӀкӀэ хэхъуащ, инфляцэр проценти 6-м нэсу щытамэ, илъэсым и кӀэм проценти 5,7-5,8-рэ хъунущ. Экономикэ зыужьыныгъэр зэрымыиным къигъэлъагъуэр абы и купщӀэр хьуа зэрыхъурщ, дыздынэса лъагапӀэхэр зэрытӀыгъыфырщ. Адрей ӀэнатӀэхэм я гугъу пщӀымэ, ерыскъыпхъэу къыщӀагъэкӀри зы процентӀкӀэ нэхъыбэ хъуащ, абы елэжь промышленностым и зэфӀэкӀым проценти 3,1-кӀэ хэхъуащ, мэкъумэшхэкӀри проценти 3-м щӀигъукӀэ нэхъыбэщ. ПсэупӀэ ухуэныгъэр къапщтэмэ, нэгъабэ метр зэбгъузэнатӀэу меуани 100-м щӀигъу ятащ. Улахуэр Ӏэмал зэриӀэкӀэ щыхохъуэ къэралым. Инфляцэр хэбгъэкӀыжмэ, нэгъабэ улахуэр проценти 4-5-кӀэ хэхъуащ. ӀэнатӀэ зимыӀэхэм я бжыгъэр проценти 2,2-м нэсу ехуэхащ.

НэхъыщӀхьэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Урысей Федерацэм и Правительствэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкӀуэкӀар, бюджетыр зэпэлъыта зэрищӀар. Абы къегъэлъагъуэ ди къэралым жылагъуэм и пащхьэ щихь къалэнхэр псори зэрыхузэфӀэкӀынур, лъэпкъ проектхэр гъэзэщӀа зэрыхъунур, технологие зыужьыныгъэр зэрыкӀуэтэнур, Урысейм ӀэщэкӀэ ЗэщӀэузэда и Къарухэр зыхуей-зыхуэфӀхэмкӀэ къызэрызэдгъэпэщыфынур, – къыхигъэщащ Путин Владимир.

(ПэщӀэдзэр. КӀэухыр 2-нэ нап.).

Лъэпкъ газетхэм я къыдэкӀыгъуэ зэхэт

# ДызыщыгуфӀыкӀхэри дызыгъэпӀейтейхэри

**УФ-м и Президент Путин Владимир иригъэкӀуэкӀа эфир занщӀэм теухуауэ КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек жиӀащ:**

- УФ-м и Президентым къэралым щыпсэухэмрэ хъыбарегъащӀэ ӀэнатӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэм я лӀыкӀуэхэмрэ ядригъэкӀуэкӀа псалъэмакъыр сыхьэтиплӀрэ ныкъуэм щӀигъукӀэ екӀуэкӀащ. Эфир занщӀэм упщӀэ мелуанищым щӀигъу къагъэхьащ. Абы къегъэлъагъуэ Президентым хуащӀ дзыхьым нэхъри зэрыхэхъуэр.

УпщӀэ куэд ехьэлӀауэ щытащ СВО-м. Я цӀэ къраӀуащ абы и лӀыхъужьхэм, зи лӀыгъэрэ хахуагъэкӀэ хэлъэщӀылу хъуа дзэхэм. Ди къэралышхуэм и щӀыналъэ псоми я бынхэм къикӀуэт ямыщӀэу яхъумэ ди Хэкур, абы и лъапӀэныгъэхэр, къытщӀэхъуэ щӀэблэм я къэкӀуэну дахэр. Апхуэдэу зэӀущӀэм къыщаӀэтащ ди экономикэм, финансхэм, социальнэ политикэм, къэралщӀыб зэпыщӀэныгъэхэм, ди щӀыпӀэхэм щекӀуэкӀ Ӏуэхугъуэхэм епхахэри, цӀыхубэр зыщыгуфӀыкӀхэри. Путин Владимир гупсэхуу жэуап иритащ а псоми, СВО-м и зауэлӀхэм, бын куэд щапӀ унагъуэхэм защӀэгъэкъуэным, хьэрычэтыщӀэ, щӀэныгъэ ӀэнатӀэхэм зегъэужьыныгъэм, псэупӀэ унэхэр ухуэным, налогым, нэгъуэщӀхэми ятеухуахэри яхэту.

Эфир занщӀэр, зэрихабзэу, дуней псом и политикэ къэхъукъащӀэ нэхъыщхьэхэм ящыщ хъуащ.

Къэралым и пашэм жиӀащ «Илъэсым кърикӀуахэр» зэӀущӀэр къэралым щыщыӀэ социологие щытыкӀэм и хъыбарылъэ лъэщу зэрыщытыр. УнафэщӀым цӀыхухэм я упщӀэхэм ярита жэуапхэм къагъэлъагъуэ ар набдзэгубдзаплъэу дэтхэнэ Ӏуэхуми зэрыщыгъуазэр икӀи жыжьэ зэрыплъэр.

ЖыпӀэнурамэ, екӀуэкӀа псалъэмакъыр хъуащ Президентымрэ къэралым и цӀыхубэмрэ хъыбаркӀэ щызэдэгуэша, мыхьэнэшхуэ зиӀэ Ӏуэхугъуэ. Ар щекӀуэкӀым занщӀэу Правительствэм къалэнхэр хуигъэуващ Путиным, зэрызыкъыхуагъазэ Ӏуэхугъуэхэр гъэтэмэмыным епхауэ. А псоми кӀэух хъунущ цӀыхухэр зыгъэпӀейтей Ӏуэхухэр тэмэм зэращӀынур.

ФӀыщӀэ ин хузощӀ ди Президент Путин Владимир, эфир занщӀэм зэрыхэтам, псалъэмакъ купщӀафӀэ зэрыригъэкӀуэкӀам папщӀэ.

# ИлъэсыщӀэ тыгъэ хурагъашэ

**КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек и унафэкӀэ, ИлъэсыщӀэм и пэ къихуэу, республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэӀэпыкъуныгъэмкӀэ и министерствэм Херсон областым щыщ сабийхэм папщӀэ псапэхуэщӀэ лэжьыгъэ къызэригъэпэщащ.**

СКАДОВСКЭ, Голопристанскэ муниципальнэ районхэм щыщ сабийхэм хуагъэхьэзыращ илъэсыщӀэ тыгъэу 5700-рэ. КъинэмыщӀауэ, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэӀэпыкъуныгъэмкӀэ и министерствэм зэхуихьэса ахъшэмкӀэ къащэхуащ сабий куэд зэрыс унагъуэхэмрэ нэхъ хуэмыщӀауэ псэухэмрэ папщӀэ унэлъащӀэ.

Сабийхэм зыщӀагъэкъуащ щӀыналъэм щыщ хьэрычэтыщӀэхэми, ахэр илъэсыщӀэ тыгъэм хэуващ псы птулъкӀэ мини 4-кӀэ.

## ИнтернеткӀэ Ӏэ тевдзэ

КӀуэ пэтми Ӏэмалыщӏэхэр ди гъащӀэм нэхъ куууэ къыхохьэ, ар псынщӀэ икӀи тынш къытщащӀу. Мы куар-кодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Ӏэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щыпӀэ ущыӀэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкӀэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ щӀэх дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икӀи къебгъэхьын папщӀэ (уи унэм е пэгъунэгъу поштым) и лъабжьэм деж уи цӀэ унэцӀэмрэ хэщӀапӀэмрэ ибзтхэри, уасэр абдеж щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкӀэ къыдэкӀ газет закъуэм адэкӀи ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

# ЦIЫХУХЭР КУЭДКIЭ НЭХЪ ЗЭКЪУЭТ ХЪУАЩ

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритым, Президентым жиIащ къэралым щекIуэкI «Лыхъужьхэм я зэман» программэм хэта, СВО-м щыIа лIыхъужьхэу щIэныгъэрэ зэфIэкIрэ зыбгъэдэлъхэм, унафэщI къулыкъу зыхуэфащэхэм гулъытэ яхуэщIын, апхуэдэхэм IэнатIэ етын зэрыхуейр. ИкIи къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Хэку зауэшхуэм къикIыжа ветеранхэм къэралыр зэфIагъэувэжауэ зэрыщытар, иджырейхэри абы зэрыхуэхьэзырыр. Дызытехьэ илъэсыр лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм хухэхауэ зэрыщытым теухуа упщIэм и жэуапу Путиным жиIащ къралым щыпсэу лъэпкъ мащIэхэм я щэнхабзэм зегъэужьыныр, я бзэхэр хъумэныр, литературэр егъэфIэкIуэныр куэд щIауэ я нэIэ щIэту къызэрекIуэкIыр, ар къэралым и политикэ хэхауэ зэрыщытыр. «Дзэ Iуэху хэхам ди лъахэр щыхэт лъэхъэнэм цIыхухэр куэдкIэ нэхъ зэкъуэт хъуащ, зэуапIэм Iутхэр лъэпкъкIэ е яIыгъ динкIэ зэхагъэжыркъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр Урысейм щыпсэу лъэпкъ псори зы псэкупсэ лъапIэныгъэхэм зэрытетырщ», - жиIащ УнафэщIым.

Куэдыр зыгъэпIейтей упщIэт къэралым унагъуэм ирит дэIэпыкъуныгъэр, унагъуэм исхэм нэхъыбэ къалэжь хъуа нэужь, зэрыпичыжыр. Абы къигъэлъагъуэр умылажьэу къэралым ущыгугъыу ущысыныр зэрынэхъ фейдэрщ. А Iуэхугъуэри дяпэкIэ Правительствэр нэхъ кууэ зэлэжьыпхъэу къилъытащ Путин Владимир икIи жиIащ зи хэхъуэр зымащIэкIэ нэхъыбэ хъуа быныбагъуэшхуэм къэралым зэрызыщIигъакъуэр зэрыIуихыжыр Правительствэм и щыуагъэу къызэрилъытэр.

Пресс-конференц иным къэтхахэм, къэпсэлъахэм я упщIэхэр теухуат къэралым цIыхухэм я псэукIэр нэхъ тынш ящищIын папщIэ ярит дэIэпыкъуныгъэхэм, щIыналъэхэм, къалэшхуэхэм я гъуэгухэм я щытыкIэм, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр къызэрызэгъэпэщам, пенсэхэр хэгъэхъуэным, налог Iуэхум, дзэ Iуэху хэхам щыIэ зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэным, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зэрызрагъэужьым, спортым, къэралкIуэцI, къэралщIыб политикэм, экономикэ зыужьыныгъэм, улахуэм, нэгъуэщIхэми. Абыхэми нэгъуэщI упщIэ гъэщIэгъуэн куэдми, жэуап зэпэщхэр сыхьэт зыбжанэкIэ иритащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

*«Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, лъэпкъ, жылагъуэ Iуэхухэмкiэ и къудамэм и унафэщI.*

# Зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэрызэрагъэпэщыр

**КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и зэIущIэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмытхэмрэ псэупIэкIэ къызэрызэрагъэпэщым.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Салим, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, Жылагъуэ советым хэтхэр, депутатхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и унафэщI Бечелов Ильяс жиIащ къаIэта Iуэхур къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр, ауэ щыхъукIи республикэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIыр. Абы жиIащ КъБР-м и Парламентми Правительствэми зэпымыууэ а Iуэхум я нэIэ зэрытетыр. «Куэд щIакъым ди хабзэубзыху IуэхущIапIэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэнахэмрэ зэрадэIэпыкъум дэщIыгъун» щIыналъэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхилъхьэрэ. КъищынэмыщIауэ, «Инфраструктура для жизни» лъэпкъ Iуэхум ипкъ иткIэ цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIакIуэ лэжьыгъэ щIыналъэм щокIуэкI. КъыдгуроIуэ сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным пылъ гугъуехьхэр илъэс куэд хъуауэ зэрызэтрихьар, абы къыхэкIыу дыщогугъ 2030 гъэм ирихьэлIэу а къалэным дыпэлъэщыну», - жиIащ Бечеловым.

ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэм зэIущIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мокаев Ачемез. Абы жиIащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэ щIэмытхэмрэ зыхуей хуэгъэзэныр щIыналъэми къэралми я къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Ахэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным лъэныкъуищкIэ йолэжь: чэзум хэтхэм унэ хьэзыр къыхуащэхуу, унэщIэ яхуэхэм фэтэр къыщыхухагъэкIыу, ахъшэ ирату езыхэм къащэхужу.

Министрым и къуэдзэм къыхигъэщащ ахэр гъэзэщIэным гугъуехьхэри къызэрыхэкIыр, хабзэкIэ къэзылъахъэхэри зэрыщыIэр. «Псалъэм папщIэ, сабий зеиншэхэм псэупIэхэр къащыхуэтщэхукIэ, унэщIэ яхуэр зэрыхъу фэтэр бжыгъэм и процент 25-м нэхъыбэ къэтщтэну хабзэм хуит дищIыркъым. Абы, дызэреплъымкIэ, унэ зыщIхэр тригъэгушхуэркъым сабий зеиншэхэм тегъэщIауэ лэжьэным, - жиIащ къэпсэлъам. - КъищынэмыщIауэ, унэ ящэхэр псори хуэкIуэркъым псэупIэ къызэрытщэхун хуей жыпхъэхэм. Псалъэм папщIэ, фэтэрыр зы пэшу метр зэбгъузэнатIэ 33-рэ мынэхъ мащIэу щытыпхъэщ. Иджыпсту ящI унэщIэхэм я инагъыр метр зэбгъузэнатIэ 40-42-м къыщыщIедзэ. Фэтэр нэхъ ин къэтщэхуу щIэддзэмэ, Iуэхум хухах ахъшэм къыщIэкIынур мащIэщ, чэзум хэтри нэхъыбэрэ абы пэплъэн хуей хъунущ. Мыдрейуэ, хьэзыру ящэ унэхэми, зэрыжысIауэ, гугъущ Iуэхум къыхуэкIуэн къахэбгъуэтыну. А псом лэжьыгъэр нэхъ кIыхьлIыхь ящI».

Мокаевым къызэрыхигъэщамкIэ, республикэм мы Iуэхур щыгъэзэщIэным илъэс къэс ику иту сом мелуан 45-рэ федеральнэ ахъшэу щытрагъэкIуадэ.

- 2025 гъэм УФ-м УхуэныгъэмкIэ и министерствэм сом мелуан 44-рэ къытхуиутIыпщащ. Фэтэр 22-рэ зэдгъэпэщмэ, лъэпкъ Iуэхур дгъэзэщIа зэрыхъур министерствэм къытхуегъэлъагъуэ, - пищащ къэпсэлъам. - АрщхьэкIэ ахъшэр зэрыримыкъум къыхэкIыу, щIыналъэм гъэ къэс абы дыщIегъуж. Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ, щIыналъэм Iуэхум хухих ахъшэр зэпымыууэ нэхъыбэ зэрищIри. Къапщтэмэ, 2025 гъэм ар процент 69-кIэ нэхъыбащ нэгъабэрейм елъытауэ. Псори зэхэту жытIэмэ, дызэрыт илъэсым федеральнэ ахъшэуи щIыналъэ мылъкуи мы Iуэхум хухэтхащ сом мелуани 179-рэ. 2026 гъэм республикэ бюджетым сом мелуан 200 къыщылъытащ.

Мокаевым жиIащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмытхэмрэ ящыщу зи ныбжьыр илъэс 23-рэ хъуахэм 2024 гъэм щегъэжьауэ Iэмал зэрагъуэтар ахъшэ кърату езым унэ къащэхужыну. Мы зэманым чэзум хэтхэм ящыщу ар къагъэсэбэпыфынущ цIыху 660-м. Сертификатыр зэратми мардэ зыбжанэ иIэщ: унагъуэм щIэс къэс и хэхъуэр цIыхур ирипсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм нэхърэ мынэхъ мащIэу щытыпхъэщ. А Iэмалым зрагъэубгъун мурадкIэ, КъБР-м и Iэтащхьэм къыхилъхьэри, депутатхэми даIыгъащ 2025 гъэм и жэпуэгъуэм щегъэжьауэ унэ къэзыщэхуну ахъшэкIэ зызыщIагъакъуэхэм зи ныбжьыр илъэс 18 хъуахэм я деж къыщыщIэдзауэ 22-м нэс хъухэри къызэщIиубыдэныр. «А Iэмалым дызэрыхуэкIуэрэ мазэ мыхъуами, ар къагъэсэбэпыну хуейуэ чэзум хэт цIыхуи 125-м я тхыгъэ къытIэрыхьащ, 103-м апхуэдэ тхылъхэр еттащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, дэIэпыкъуныгъэр кърату зыкъэзыгъэлъэгъуам суд IуэхукIэ лъэпощхьэпо имыIэу, налогхэмкIэ щIыхуэ темылъу, фадэмрэ афиянымрэ димышэхауэ, жылагъуэм шынагъуэ димылъагъуу щытын зэрыхуейр», - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

Мокаевым къыхигъэщащ иужьрей илъэсищым кърицубыдэу, мы гъэм япэу чэзум хэтхэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъ мащIэ зэрахуэщIар. Iуэхум хухаха ахъшэр проценти 100-кIэ ягъэзэщIащ. УФ-м УхуэныгъэмкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэм илъэсым и кIэм къапщытэж хабзэщ щIыналъэхэм сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэрыщызэрагъэпэщыр. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъ пашэхэм ящыщщ. 2025 гъэм и пэм зи ныбжьыр илъэс 18 хъуауэ унэ кърату къратыным пэплъэхэр цIыху 1249-рэ хъууэ щытащ. ЦIыху 15 унэкIэ къызэрагъэпэщащ, псэупIэ сертификату 51-рэ иратащ, абы щыщу 27-р ягъэзэщIащ. Илъэсым и кIэ пщIондэ цIыху 70 мынэхъ мащIэ унэкIэ къызэрагъэпэщыфыну мэгугъэ. Къэпсэлъам жиIащ 2026 гъэм чэзум хэтхэр цIыху миным кърагъэхыну зэрагугъэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ жиIащ сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр япэ зэритыр зэрыгуапэр, а къалэныр ехъулIэу зэригъэзащIэм къыхэкIыуи КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм фIыщIэ зэрыхуищIыр. КъэкIуэну илъэсищым Iуэхур зытращIыхьым ар щыщIэупщIэм, Мокаев Ачемез жиIащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмытхэмрэ псэупIэкIэ къызэрагъэпэщыным 2026 гъэм сом мелуан 200, 2027 гъэм - сом мелуан 250-рэ, 2028 гъэм - сом мелуан 300 зэрыхухахынур.

Емуз Нинэ тепсэлъыхьащ зеиншэхэм щыщу зауэ къулыкъум пэрыту хэкIуадэхэм псэупIэ кърату яIа хуитыныгъэр я унагъуэм, я быным къагъэсэбэпыфыным теухуауэ хабзэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьам (ипэIуэкIэ апхуэдэ хэмытауэ), мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрилъытэм.

ЗэIущIэм и кIэухым Бечелов Ильяс КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьыгъэм сыт щыгъуи хуэдэу арэзы укъызэрищIыр къыхигъэщри, дяпэкIи зэдэлэжьэну зэригуапэр дыщIигъуащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Газетхэмрэ журналхэмрэ жыджэру хутрадзэ



**Дыгъэгъазэм и 18-м Налшык къалэ администрацэм и хэщIапIэм щекIуэкIащ «Гуапагъэм и жыг» урысейпсо Iуэхум и зи чэзу зэхыхьэр. Ар къызэригъэпэщащ «Урысей пощтым» Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм.**

АБЫ хэтащ республикэм къыщыдэкI журналхэмрэ газетхэмрэ я унафэщIхэр.

«Урысей пощтым» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Вэрокъуэ Заур зэрыжиIамкIэ, мы Iуэху щхьэпэр илъэси 10 хъуауэ республикэм щрагъэкIуэкI. Апхуэдиз дыдэ мэхъу ар Урысейм и щIыналъэ псоми щегъэкIуэкIын хуейуэ къызэрыхалъхьэрэ. Ар хуэгъэзащ жьы хъуахэм щакIэлъыплъ, сабий зеиншэхэр щапI унэхэм, гулъытэ хуэныкъуэхэм, дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я унагъуэхэм, къуажэ библиотекэхэм, нэгъуэщIхэми республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ яIэрыхьэныр къызэгъэпэщыным.

- Мы IуэхумкIэ дэ дахуоупсэ республикэм къыщыдэкI журналхэмрэ газетхэмрэ фIыуэ зылъагъухэм, ауэ абыхэм Iэ традзэну Iэмал зимыIэхэм. Псалъэм къыдэкIуэу, фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт а къыдэкIыгъуэхэм я редактор нэхъыщхьэхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ. Интернетымрэ иужьрей Iэмалхэмрэ зыщаужьа зэманщ дызыхэпсэукIыр. Арами, тхылъ, газет, журнал еджэным и пщIэр ехуэхауэ жыпIэныр щыуагъэщ. Ар щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмрэ щыщщ. Быдэу си фIэщ мэхъу ди щIыналъэм цIыху еджэ куэд зэрыщыпсэур, - жиIащ Вэрокъуэм.

Вольнэ Аул администрацэм и Iэтащхьэ Ажэгъуей Аслъэнбэч къыщыпсэлъам къыхигъэщащ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, ар гъэкIуэтэным теухуауэ «Урысейм и пощтым» дяпэкIи дэлэжьэну зэригуапэр.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 20,** *щэбэт*

**♦ЦIыхухэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

**♦УФ-м Къэралым шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1760 гъэм** къалъхуащ адыгэпщ, урысеидзэм полковникыу къулыкъу щызыщIа **ХьэтIохъущокъуэ Исмэхьил-Бей**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьа **ГъуаплъащIэ Заудин**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретару щыта **ХьэIупщы МуIэед**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 21,** *тхьэмахуэ*

**♦Илъэсым кърикубыдэу махуэр щынэхъ кIэщIщ, жэщыр щынэхъ кIыхьщ**

♦**1944 гъэм** ВКП (б)-м и обкомым унафэ къищтащ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет къыщыдэгъэкIыным теухуауэ.

♦**1879 гъэм** къалъхуащ парт, къэрал лэжьакIуэ, генералиссимус, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, 1924 - 1953 гъэхэм СССР-м и унафэщIу щыта **Сталин (Джугашвили) Иосиф**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, щIэныгъэлI **Елмэс Iэулдин**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щIыIэр градус 0 - 1 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Дыгъэгъазэм и 22,** *блыщхьэ*

**♦Энергетикым и махуэщ**

**♦Урысей Федерацэм и Пенсэ фондыр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**2001 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэ.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градус 0 - 2 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Псэм фIэIэфIыр нэм фIэдахэщ.**

# Жылагъуэм гулъытэшхуэ щызыгъуэта къыдэкIыгъуэ

КъБР

**КъызэднэкI 2025 гъэр гъэнщIауэ щытащ гъащIэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэщIэузыубыдэ къэхъукъащIэ хьэлэмэтхэмкIэ, Iуэхугъуэ купщIафIэхэмкIэ. Шэч хэмылъу, абыхэм къахолыдыкI адыгэ дунейм, жылагъуэм гулъытэшхуэ щызыгъуэта «Нартхэр. Адыгэ эпос» томиплIу зэхэт тхылъышхуэр къызэрыдэкIар. ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым (унафэщIыр Дзэмыхь Къасболэтщ) щылажьэ лъэпкъ еджагъэшхуэхэм, адыгэпсэрэ адыгэгуу зи гъащIэр зыхь щIэныгъэлI гупышхуэм я зэфIэкIым къиха а къыдэкIыгъуэм траухуэри дыгъэгъазэм Налшык щекIуэкIащ «Адыгэ нарт эпосыр лъэпкъым и псэкупсэ щэнхабзэм и фэеплъ гъуэзэджэщ» фIэщыгъэр зиIа щIэныгъэ-практикэ конференцышхуэ, ди республикэми нэгъуэщI щIыналъэхэми къикIа цIыху куэд кърихьэлIэу.**

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм (тхьэмадэр Сэхъурокъуэ Хьэутийщ) и ГъэзэщIакIуэ гупым и зи чэзу зэхуэсым хыхьэ лэжьыгъэхэм къызэщIиубыдэу ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унэм щыIа а зэхуэсым и закъуэкъым а Iуэхугъуэм Iэтауэ щытепсэлъыхьар. Тхылъхэр дунейм къызэрытехьам хуэгъэпса зэIущIэ хьэлэмэт иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ КИФЩI-м и къалащхьэ Псыхуабэ щылажьэ «ТАСС Кавказ» хъыбарегъащIэ центрыми.

Къыхэдгъэщынщи, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэ (РИЦ) Псыхуабэ къызэрыщыщызэIуахрэ куэд щIакъым. «ТАСС Кавказ» фIэщыгъэр зиIэ а IэнатIэм гулъытэ нэхъыбэу зыхуищIыр КИФЩI-м щыпсэухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхъукъащIэхэращ. Ди гъащIэм увы-




пIэшхуэ щызыубыд, жылагъуэм гупсысэр щызыунэтI, Iуэхугъуэ хэхахэр зэрыпхагъэкI хъыбарегъащIэ Iэмэпсымэ лъэщхэм халъытэ а IуэхущIапIэм гулъытэншэ ищIакъым «Нартхэр. Адыгэ эпос» томиплIу зэхэт тхылъ гъуэзэджэр къызэрыдэкIар. Абы щIэныгъэ дунейм, лъэпкъ щэнхабзэм, жылагъуэм щиIэ мыхьэнэ иныр къалъытэри аращ а проектыр зыгъэзэщIа щIэныгъэлI гупым ящыщхэр «ТАСС Кавказ»-м щIригъэблэгъар. Апхуэдэхэт ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и пашэ, зи гугъу тщIы лъэпкъ проектым и унафэщI икIи и къызэгъэпэщакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик Дзэмыхь Къасболэт, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ Гъут Iэдэм, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Быхъурэ Мухьэмэд сымэ.

«Антологический ствол адыгского фольклора» тхылъ гупым епха программэм ипкъ иткIэ къыдэкIа «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъышхуэм ихуащ адыгэм игъащIэ лъандэрэ къыдекIуэкI нартхъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ. ЛIыхъужьыгъэ инхэмкIэ, къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ гъэнщIа а хъыбарылъэ хьэлэмэтым и лъабжьэхэр аддэ жыжьэ къыщожьэ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, ар щыIэщ ди эрэм ипэж ита социальнэ зыужьыныгъэм и езанэ илъэс миным. Ди лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр, дяпэ ита нэхъыжьыфIхэм яIа псэукIэр, дуней еплъыкIэр, гупсысэкIэр лъэныкъуэ куэдкIэ къыщыгъэлъэгъуа нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ ди блэкIам и даущыр ди деж къэзыхьэса, адыгэм ди блэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэ лъэмыжщ.

Дзэмыхь Къасболэт зэрыжиIамкIэ, тхылъхэм ахэр къыщыхьащ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи, ди лъэпкъ IуэрыIуатэр, щэнхабзэр зыфIэхьэлэмэт нэгъуэщI лъэпкъхэми абыхэм щыгъуазэ зыхуащIыфын хуэдэу. Къинэмыщ1ауэ, къыдэкIыгъуэм ихуа тхыгъэ къэс кIэщIэтщ ар къызыIуатэжам, зытхам, щатха щIыпIэмрэ зэманымрэ ятеухуа хъыбархэр. Лъэпкъым и дуней еплъыкIэм и лъабжьэр къызыхэщ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ я деж къыщежьащ жьэрыIуатэбзэм и зыужьыныгъэри.

«Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъыр къыдэгъэкIыным хуэщIа лэжьыгъэхэм, ар дунейм къытехьэным зи гуащIэрэ щIэныгъэ куэдрэ езыхьэлIа лъэпкъ еджагъэшхуэ Гъут Iэдэм «ТАСС-Кавказ»-м и утыкушхуэм щытепсэлъыхьащ 1941 гъэм къыдэкIа «Нартхэр» тхылъым ихуэгъахэр зэрызэхуахьэсауэ щытам къыкIэлъыкIуэу а Iуэхум кууэ елэжьа лъэпкъ щIэныгъэлIхэу ХьэдэгъэлI Аскэр, Шортэн Аскэрбий, КъардэнгъущI Зырамыку, нэгъуэщIхэми я зэфIэкIым кърикIуахэм. ТомиплIу зэхэт тхылъым и Iыхьэхэмрэ абы ехьэлIауэ щIэныгъэлIхэм зэфIаха лэжьыгъэхэмрэ зэрызэхэт щIыкIэри игъэбелджылащ Гъутым. Абы зэрыжиIамкIэ, щIэныгъэлI гупым япэщIыкIэ зэхуахьэсыжащ нарт хъыбаррэ пшыналъэу дунейм къытехьауэ, щаIуэтауэ, щыжаIауэ щыIэхэр. КъыкIэлъыкIуэу, абыхэм хэплъэжащ, яджащ, япкърылъ купщIэр, гупсысэр, акъылыр сэтей къызэращIыным хущIэкъуу. Абы иужькIэ елIэлIащ а псори лъэпкъым и цIыхухэм я деж нэхьэсыным. Нэрылъагъу зэрыхъуамкIи, а Iуэхугъуэхэр щIэныгъэлIхэм къызыхуэтыншэу къайхъулIащ.

Абыхэм я псалъэм пищэу къэпсэлъа Быхъурэ Мухьэмэд и гугъу ищIащ «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъым ихуа лъэпкъ псысэхэм я мыхьэнэмрэ абыхэм япкърылъ гупсысэмрэ, тхыдэ-лIыхъужь эпосым адыгэ бзылъхугъэ къызэрымыкIуэхэм я образхэм щаубыд увыпIэм.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, мыхьэнэшхуэ яIащ 1951, 1974 гъэхэм къыдэкIауэ щыта «Нартхэр» тхылъхэм. Абыхэм яхэтт «Совет къэралым ис лъэпкъхэм я эпосыр» къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэу СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Дунейпсо литературэмкIэ и институтым и жэрдэмкIэ дунейм къытехьахэри. Абы щыгъуэм япэу къэралым къыщыдагъэкIахэм яхэхуауэ щытащ «Нарт эпосыр», адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхауэ.

Дауи, фIыщIэ ин яхуэфащащ а псори зэзыгъэуIужу, хъыбар къэс елэжьыжу къыдэкIыгъуэ къызэрымыкIуэр зыгъэхьэзыра щIэныгъэлIхэу Дзэмыхь Къасболэт, Гъут Iэдэм, Быхъурэ Мухьэмэд, Нало Заур, ЦIыпIынэ Аслъэн, Табыщ Мурат, Хьэгъэжей Лянэ сымэ, тхылъым и рецензентхэу БакIуу Хъанджэрийрэ БищIо Борисрэ. Апхуэдэщ ар къыдэкIыгъуэм хуэзыгъэхьэзыра Гъут Лянэ, тхылъхэр зи сурэтхэмкIэ ягъэщIэрэщIа Бырсыр Абдулыхь, Къармокъуэ Аслъэн, Натхъо Зэчий, ПэтIуащIэ Феликс сымэ, нэгъуэщIхэми.

РАН-м и КъБЩIЦ-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэти къыдэкIыгъуэ къызэрымыкIуэм елэжьа щIэныгъэлI гупми фIыщIэ ин хуащIащ «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъыр дунейм къытехьэнымкIэ мылъку къезыта ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, абы и тхьэмадэ Къанокъуэ Арсен. ИпэжыпIэкIэ, «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъыр игъащIэкIи мыкIуэдыжыну адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI художественнэ лъапIэныгъэщ, дунейпсо щэнхабзэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыд, дызэрыгушхуэ, дызэрыин хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ.

Пасэрей алыдж усакIуэ-узэщIакIуэ цIэрыIуэ Гомер и «Илиада»-мрэ «Одиссея»-мрэ, ижь зэманым псэуа индие узэщIакIуэ Вьясэ и «Махабхаратэ»-м еджагъэшхуэхэм ящыщ куэдым хуагъадэ, лъэпкъыпсо мыхьэнэ зиIэ «Нартхэр» лIыхъужь эпосыр. Лъэпкъым щIэин лъапIэу къыддекIуэкI Нарт эпосым хуэдэу адыгэхэм дгъэлъапIэ нэгъуэщI IуэрыIуатэ лIэужьыгъуэ димыIэми ярейщ. «Нартхэр. Адыгэ эпосым» тхылъыр дунейм къызэрытехьар махуэ тхуэхъуну ди лъэпкъым и цIыху псоми!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Усыгъэм и дыгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ и лэжьакIуэ пашэ, адыгэ лъэпкъ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрыхъум теухуа зэIущIэхэр, пшыхьхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр ди республикэм и къалэ, къуажэ псоми, мы илъэсым кърихьэлIэ щекIуэкIащ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ, шэч хэмылъу, зи гъащIэр лъэпкъым щхьэузыхь хуэзыщIа усакIуэм и гуащIэм цIыху нэхъыбэ щыгъуэзэнымкIэ, и фэеплъыр хъума хъунымкIэ, щIэблэр хэкупсэу къэгъэтэджынымкIэ.

Бобруйск щыIа концлагерым усакIуэм и псэр щыщита щэкIуэгъуэм и 29-м (илъэс 84-рэ ипэкIэ, 1941 гъэм) ирихьэлIэу ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым утыку къыщрахьащ абы и фэеплъу ягъэува спектаклыр.

ТIэкIу ипэ дилъадэу жытIэнщи, къэмыгупсыса хъыбархэр, гукъэкIыжхэр зи лъабжьэ спектаклым махуэ къэс дызыхэт гъащIэм, абы усакIуэм щиубыд увыпIэм, зэманри дунейри пэмылъэщу гъуазджэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм урагъэгупсысынущ. Ар блэкIам «уезыгъэпсалъэщ», нобэрей гъащIэмрэ къэкIуэну зэманымрэ хуэгъэзауэ. Гулъытэшхуэ хуащIащ утыкур зэрыубзыхуам: нэхъ мащIэ дыдэу къэбгъэсэбэп хъуну хьэпшыпщ абы иплъагъуэр, актёрхэм я джэгукIэмрэ усыгъэм и къарумрэ гулъытэ нэхъыбэ яхуэпщIыфын папщIэми ярейуэ.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩоджэнцIыкIу Алий и пхъурылъху ХьэкIуащэ Мадинэ и «Неотосланные письма» пьесэращ «Адыгэ усыгъэм и дыгъэ» спектаклыр къызытращIыкIар. Театреплъым и пащхьэ кърахьа лэжьыгъэ нэщIысам цIыху куэдым я гуащIэ хэлъщ. Артистхэм я щыгъынхэр зыдхэм деж щегъэжьауэ утыкум тридзэ нэхумкIэ жэуап зыхьым деж щыщIэкIыжу. Лэжьыгъэм елэжьащ сурэтыщIхэу Дагъыстэн Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Эл Марийрэ щIыхь зиIэ и сурэтыщI Голодницкий Борисрэ. Пьесэр адыгэбзэм къригъэзэгъащ РСФСР-м щIыхь зиIэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ. Спектаклым и бзэм лейуэ ущIытепсэлъын щымыIэу, ар зэрыщIидзэу уи тхьэкIумэм къиIуэ адыгэбзэ къабзэм гур егъэпсэху. Режиссёрым и лэжьыгъэм занщIэу хыболъэгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дэбагъуэ Роман и хъэтI.

ЛэжьапIэ пэшу зыхуэбгъэфэщэнум щIэтщ Динэ (пьесэр зытхар уи нэгу къыщIэзыгъэхьэщ Соблыр Дианэ зи роль игъэзащIэр), компьютерым бгъэдыхьэбгъэдэкIыурэ кофе къищIыну зегъэхьэзыр. Бжэм къытоуIуэри къыщIохьэ Нинэ Ираклиевнэ (КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Балъкъэр Тамарэ). Абы Динэ къыхуихьащ хъыбар и адэшхуэ Алий теухуауэ – и адэм и гъусэу концлагерым ар исащ, иужьрейуэ итха усэри иIыгъщ. Динэ бзылъхугъэм жреIэ и адэшхуэм и щIэин тIэкIуфэкIухэр, я гукъэкIыжхэр щIыгъуу, зэраIэр.

АдэкIэ ди нэгум къыщIохьэ ЩэджэнцIыкIум и гъащIэ теплъэгъуэхэр: ар Тыркум къызэрыщыхутар, еджэурэ лэжьэн хуей хъуа ныбжьыщIэм бэлыхьу телъар, ди республикэм и тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыщытам къылъыкъуэкIа цIыхугъэмрэ къалэмыр зыгъэунэху щIалэщIэхэм (КIуащ БетIал и щапхъэкIэ) ар зэрадэIэпыкъуамрэ, лъэпкъым фIы хуэлэжьыныр зи хъуэпсапIэу щыта усакIуэр политикэ залымыгъэм хэхуэным зы тIэкIу фIэкIа къызэрымынэжатэр, а псом я щIыIужу зауэ мыгъуэжьым езыр хуейуэ кIуэуэ къызэримыгъэзэжар...

Алий хы ФIыцIэ Iуфэм мэжэщIалIэу щигъэкIуа зэманым IупщIу уи нэгу къыщIегъэувэ щIэныгъэм хуэпабгъэ щIалэр, ар зригъэхъулIэн папщIэ, сыт хуэдэ гугъуехьми зэрыпэлъэщынур.

КIыфIым, пшагъуэм къыхэIукIыу зэхыбох Алий и усэхэр, абы къоджэ езыр, зэми щIалэщIэу, зэми нэхъыжьыIуэу (щыщIалэм и ролыр зыгъэзащIэр Хьэщхъуэжь Ислъамщ, балигъыр - Къардэн Заур). Ахэр уи гущIэм нос, усакIуэм игъэва псори псэкIэ зыхыбощIэ.

Нало Жансэхъу ягъэтIысауэ зэхэзыха и щхьэгъусэр (зыгъэзащIэр ДыщэкI-ХьэхъупащIэ ФатIимэщ, нэгъуэщI джэгугъуэм Хурзокъуэ Элинэ хэтынущ) мэгузасэри, Алий жреIэ Къалмыкъ БетIал (зыгъэзащIэр ТIымыжь Владимирщ) и деж кIуэуэ къихъумэну елъэIуну. Апхуэдэуи бзылъхугъэр мэгугъэ Цагъуэ Нурий къыдэIэпыкъуну. КIуэнущ Алий БетIал и деж, ауэ елъэIун папщIэкъым. И щхьэм зыгуэр зэрыщыхъэр пщIэуэ гупсысалэщ, иужькIи IупщI мэхъу зэригъэзэхуар: абы псэупIи псэхупIи къратынукъыми, зэуапIэм кIуэрэ и Хэку ихъумэжмэ нэхъыфIщ, мамыр гъащIэм абы зыри зыкIи къыщыщыгугъыркъым, уеблэмэ хуагъэхьэзырыр нэгъуэщI Iуэху шынагъуэщ. Зауэм и «къуагъым» зыкъуигъапщкIуэу политикэ залымыгъэм пэIэщIэ зищIами, и унагъуэр нэсу щихъумэфакъым абы. Ар ди нэгу къыщIагъэхьэ Динэ къызэджэ, Алий хурагъэхьыну зыхунэмыса письмохэм. Абыхэм къахощ унагъуэр зэпымыуэ зэрымэжалIэр, Алий и бынхэм я цIэхэр яхъуэжын хуей зэрыхъуар, Бахъсэн Iэпхъуэу зы унагъуэ гуэрым и пкIэунэм пIалъэкIэ зэрисахэр, къагъэзэжа иужь, я унэм зы цIыхухъурэ зы цIыхубзрэ щIэсу кърихьэлIэжу, абыхэм я гъусэу псэун хуей зэрыхъуар, иужькIэ ди къэралым и къалащхьэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и фIыгъэкIэ, Хэкум папщIэ зи псэр зыта усакIуэм и унагъуэм талон кърат
ын зэрыщIадзар, нэгъуэщI куэди. АпхуэдизкIэ гуузу, пэжагъ ин хэлъу абыхэм къоджэ Дини, плъэмыкIыу уи нэпс кърагъакIуэ, пэшым щIэс куэдми я нэгум губжьымрэ гумэщIагъэмрэ зэщIыгъуу иболъагъуэ.



**ЩоджэнцIыкIу Алий и ролыр Къардэн Зауррэ Хьэщхъуэжь Ислъамрэ ягъэзащIэ.**

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къагъэIурыщIэну яужь итами, ныбэрэ фэбжькIэ гугъущэ ирагъэхьами, Алий апхуэдэ напэншагъэ илэжьакъым. Аргуэру яубэрэжьу хьэпсым къыщIадзэжа иужь, къэзыухъуреихьа и ныбжьэгъухэм захуегъазэ тхылъымпIэрэ къэрэндащрэ къагъуэтыну, лъэпкъым къыхуэнэну иужьрей усэр итхынущи. КъыбгурыIуэ зэрыхъунумкIэ, спектаклым и пэм и деж аращ Нинэ Ираклиевнэ Динэ къыхуихьыжыр.

Зи гугъу тщIа псори наIуэу ди нэгу къыщIагъэуващ зи цIэ къитIуа артистхэм къинэмыщIауэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэд, Битохъу Миланэ, Щхьэгъэпсэу Рустам, Хьэжмэт Iэдэм, Бейтыгъуэн Жамболэт, Кокэ Имран, ДыщэкI Рауят сымэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым и студентхэу (гупу утыкум итахэщ) Быгуэ Тимур, Кашаев Темирлан, Кивалов Ислъам, Чып Темболэт, Мамышэ Ислъам, МатIу Темболэт, Тубай Айдэмыр сымэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Лъэпкъ Iофыгъо инхэм ащыщ

АдыгабзэкIэ Iоф зышIэщт журналист ныбжьыкIэхэр аужырэ илъэс 15-м сэнэхьатым къызэрэхэмыхьажьхэрэм игумэкI тызэлъиштагъэу «Адыгэ макъэм» игукъэкIыкIэ республикэм ирайон зэфэшъхьафхэм арыт еджапIэхэм кIэлэеджакIоу ачIэсхэм зэIукIэгъухэр афызэхатщэу, ахэм ащыщэу адыгабзэкIэ гъэзетым къыфэтхэщтхэр къахэдгъэщэу тыублэгъагъ. Ащ фэдэ зэIукIэгъухэм къакIэлъыкIуагъэх Щынджые гурыт еджапIэу N24-м икIэлэеджакIохэм ащыщхэр къытфатхэхэу зэрэрагъэжьагъэр. Ащ лъэшэу тигъэгушхуагъ.

Нэужым АР-м ижурналистхэм я Союз къырихыгъэ республикэ грантым ишIуагъэкIэ «Лъэпкъ журналистым иеджапI» зыфиIорэ проектым игъэцэкIакIомэ «Адыгэ макъэр» ахээхьагъ. Адыгабзэр анахь дэгъоу зышIэрэ кIэлэеджэкIо 24-у еджапIэхэр къэткIухьэхэзэ къыхэтшыпыкIыгъэхэм мэзитIум къехъурэ Iоф адэтшIагъ, журналист сэнэхьатым хэтщагъэх. Егъэджэнхэр зэракIугъэхэр къэзыушыхьатырэ тхылъхэр тыгъэгъазэм и 27-м ахэм аратыжьыщтых. Уахътэу кIуагъэм ахэм КъТРК «Адыгеим», гъэзетэу «Адыгэ макъэм» шэмбэт къэс къэкIуагъэх. Егъэджэн десэхэм анэмыкIэу къашъхьапэщт зэIукIэгъу зэфэшъхьафхэр ныбжьыкIэхэм афызэхэтщэгъагъэх: скульпторэу Даур Аслъан ипщыпIэ, IэпэIасэхэм яунэу Боджэкъо Бэллэ ыгъэпсыгъэм, КIэрэщэ Тембот илитературнэ музей, щэрыонымкIэ спорт комплексым рагъэблэгъагъэх, «Шыу Хасэм» ипащэу Тхьапшъэкъо Албэрт, Къэрэщэе-Черкес Республикэм илъэпкъ гъэзетэу «Черкес Хэкум» иредактор шъхьаIэу Абидэкъо Люсанэ зэIукIэгъухэр адыряIагъэх, журналист зекIозещэу Анцокъо Иринэ адыгабзэкIэ экскурсие Мыекъуапэ ащыфызэхищэгъагъ. Лъэпкъ журналистикэм ижанрэхэр зыфэдэхэм, ахэр зэрэзэтекIыхэрэм, журналистикэм илъэныкъо зэфэшъхьафхэм узэращылэжьэшъущтым ныбжьыкIэхэр ащыгъуазэ хъугъэх, техническэ Iэмэ-псымэхэм, анахьэу радиом ыкIи телевидением Iоф зэращадэпшIэн фаем лъыплъагъэх, адыгабзэкIэ репортажхэр, зэдэгущыIэгъухэр тыратхагъэх, къэбар кIэкIхэр, очеркхэр гъэзетым пае къатхыжьыгъэх.

Сэ сшъхьэкIэ гъэсакIохэм сахэтыгъ. Сэнэхьатым сызырылажьэрэр мыгъэ илъэс 30 хъугъэшъ, сэнэхьат кIэгъэгушIуным, гъэсэныгъэ мэхьанэ иIэу мыщ фэдэ Iофтхьэбзэ иным апэрэу сыхэлэжьагъ. СшIогъэшIэгъонэу гъэсакIохэм ясатырэ сыхэуцуагъ. Ацумыжъ Адами, ГъукIэлI Сусани, ХьакIэмыз Сусани афэдэу шIэныгъэу сиIэмкIэ ныбжьыкIэхэм хьалэлэу садэгощагъ. Къиныгъо зэфэшъхьафхэм тарихьылIагъ, ныдэлъфыбзэкIэ тхэныр къызэхьылъэкIыхэрэр ахэм бэу къахэкIыгъ. Сэнэхьатыр аIэкIэплъхьаным ыпэкIэ гущыIэухыгъэ гъэпсыкIэм, литературабзэм ишапхъэхэм ащыдгъэгъозэжьхэзэ, дгъэтэрэзыжьхэзэ Iоф адэтшIагъ. Тхэным фэщагъэу, ар псынкIэу къыздэхъухэрэм тагъэрэзагъ. Сыдэу щытми, къыдгурыIуагъэр зы – мыр зэпыбгъэу мыхъущт ыкIи тапэкIи лъыбгъэкIотэн фэе IофшIэн, нахь ныбжьыкIабэ ыкIи гъэсэкIуабэ Iофтхьабзэм хэщэгъэнхэ фае. Мыгъэ едгъэджагъэхэу зызыушэтыгъэхэми адэтшIыгъэ зэпхыныгъэр дгъэкIоды хъущтэп. А зэпстэур зэрэзэдгъэкIущтыр, Iоф зэрадэтшIэщтыр дгъэнэфэнэу тапэ илъ. ДжырэкIэ зэшIохыгъэ хъугъэ IофшIэным АР-м ижурналистхэм я Союз ипащэу ыкIи зигугъу тшIырэ проектым икIэщакIоу ТIэшъу Светланэ зэфэхьысыжь къыфишIыгъ.

- ЗэкIэмэ анахь шъхьаIэр журналист сэнэхьатыр зэрэгъэшIэгъоныр ныбжьыкIэхэм нэрылъэгъу, нафэ зэрафэтшIыгъэр ары. Ахэр телевидением, гъэзетым, радиом якуупIэ хэтщагъэх. ЗэретфэлъэкIэу зэкIэ еджапIэм щылэжьэгъэ кIэлэегъаджэхэр – журналистэу сэнаущыгъэ ин зиIэхэм акIуачIи, яамали, яшIэныгъи, яуахъти халъхьэзэ, шэмбэт къэс зэрафэлъэкIэу журналистикэм гъэшIэгъонэу хэлъыр агурагъэIуагъ. Журналист сэнэхьатыр зэрядгъашIэрэр зы лъэныкъу, ар тIэкIу-тIэкIузэ къаубытыщт. ЗэкIэмэ анахь шъхьаIэр джа журналист сэнэхьатыр зэрэгъэшIэгъоныр, нэмыкI дунай горэм узэрэхищэрэр, уишIэныгъэхэр зэрипсыхьэрэр, чIыпIэ зэфэшъхьафхэр зэрэуигъэлъэгъухэрэр, хъугъэ-шIэгъэ хьалэмэтхэр къызэрэпфызэIуихыхэрэр, цIыф гъэшIэгъонхэм нэIуасэ узэрафишIырэр – а зэпстэур агурыдгъэIуагъ. Анахь шъхьаIэу ар сэ къыхэсэгъэщы. Къин къызхэкIыгъэу слъытэрэр тхакIэрэ еджакIэрэ ядгъэшIэжьын фаеу зэрэхъурэр ары. Мыр гумэкIыгъо инэу къычIэщыгъ. А кIэлэцIыкIухэр етIани хэшыпыкIыгъэхэу, зэнэкъокъухэм ыкIи олимиадэхэм текIоныгъэ къащыдэзыхырэу ары зэрэщытыгъэхэр. Ау къычIэщыгъэр - зым тхакIэ ышIэрэп, зыр тэрэзэу къеджэшъурэп. ЕджапIэм гумэкIэу чIэлъыр, адыгабзэкIэ егъэджэн десэу яIэ пчъагъэр зэримыкъурэр нэрылъэгъу. Лъэпкъ журналистым иеджапIэ ар къыщынэфагъ. АР-м и ЛIышъхьэ дэжь адыгабзэмкIэ щызэхэщэгъэ Советым «Адыгэ макъэм» иредактор шъхьаIэу МэщлIэкъо Саидэ ар къыщиIуагъ. Тхэныр сабыеу къэкIуагъэхэм зэкIэми къадэхъугъэп. Ар дэгъу дэдэу пшIэн фае тисэнэхьат урылэжьэным пае. Мыбэхэм журналистикэр ашIодгъэшIэгъонынэу, сэнэхьатым нэIуасэ фэтшIынхэу къахэтщыгъэх, ар къыддэхъугъ. Тэгугъэ кIэщыгъоу агу къыщыущыгъэр мыкIосэжьэу, къэкIорэ илъэсми къэтщэнхэшъ, джыри едгъэджэшъунхэу, ахэм кIэу къахэтщыщтхэри ядгъэгъусэщтых. Мары «медицинэм сыкIощт» ыIозэ, Къанэкъо Фатимэ зы шэмбэт десэ блигъэкIыгъэп, ар етIани ятэ ренэу къыщэщтыгъ. Ащ сыд къыгъэлъагъорэр? Фай, ыгу рехьы, шIоигъоныгъэшхо иI – ар зымыуасэ щыIэп. Арышъ, едгъэджэгъэ нэбгырэ 24-м щыщэу нэбгыритф нэмыIэми журналист сэнэхьатым феджэхэу, къытфагъэзэжьымэ зымыуасэ щыIэп. Анахь макIэмэ, «нэбгыритф» сэIо ау, анахьыбэмэ, нэбгырэ тIокIи орэхъу. Ахэр къытхэуцохэмэ, Iофыгъошхо зетхьагъэу хъущт.

Шъори сышъуфэраз, еджапIэм щыкIогъэ десэхэр зыпшъэ дэкIыгъэхэр шъоры – гъэсакIохэр ары.

- Зыфэдэ мыхъурэ хъугъэ-шIагъэу сэлъытэ лъэпкъ журналистым иеджапIэ зэхэщагъэ зэрэхъугъэр, - изэфэхьысыжьхэмкIэ къыддэгощагъ проектым хэт гъэсакIоу ХьакIэмыз Сусанэ. - Тарихъым мыщ фэдэ джыри къыхэкIыгъэп, уахътэм изы нэшанэу, изы амалэу къытфэсыгъэу сэлъытэ. Тэри тишIэныгъэхэм тахэплъэжьын фаеу хъугъэ. Бэмэ псынкIэу, зэхэхьагъукIэ ахэтщэнхэ фаеу хъугъэ, гущыIэм пае, къэбар кIэкI гъэпсыкIэр, упчIэтыкIэр, зэдэгущыIэгъу шIыкIэр – ар лъэшэу гъэшIэгъоныгъэ. Сабыйхэм Iоф адатшIэ зэхъум сыд тлъэгъугъэр? Бзэр икъу дэдэу аIэкIэлъэп, унагъом зэрэщыгущыIэхэрэм фэд, ау ныбжьыкIэхэр чаных, IупкIэх, журналистикэм илъэныкъо зэфэшъхьафхэм алъыIэсынхэр афызэшIокIыгъ, ашIогъэшIэгъон – ащ сигъэгушIуагъ. Радиор, телевидениер, гъэзетыр, социальнэ хъытыухэр зытштэхэрэм, кIэлэеджэкIо куп пэпчъ десэ щырыщ ныIэп афызэхэтщэн тлъэкIыгъэр. Ащ емылъытыгъэу, зэрафэлъэкIэу ятIорэр зыхащагъ, тэри хьалэлэу тишIэныгъэхэмкIэ тадэгощагъ. Ащ тегъэразэ. Радиор зытиIэр къихьащт илъэсым илъэсишъэ хъущт. Зэгорэм ащ фэдэ шIыкIэхэр дгъэфедэщтыгъэх - районым щыIэ корреспондентхэр тиIэщтыгъэх. КъытфэкIогъэ ныбжьыкIэхэу дгъэсагъэхэм ащ фэдэ къэтын цIыкIу горэхэр къытфашIышъунэу къысщэхъу. НыбжьыкIэхэми ар ашIогъэшIэгъон хъущтэу къысшIошIы. Ежьхэр зыгъэгумэкIырэ ныбжьыкIэ Iофыгъо горэхэр, зыщыпсэухэрэ чIыпIэхэм къащыхъурэ хъугъэ-шIагъэхэр къытфагъэхьынхэ алъэкIыщт. «Медия-еджапIэм сыд къыдэхъугъэр?» зыпIокIэ, тисэнэхьат псынкIэу хэтщагъэх, къедгъэхъопсагъэх. Апшъэрэ гъэсэныгъэ тисэнэхьаткIэ зэрагъэгъотыным пае адыгэ филологиемрэ культурэмрэкIэ факультетэу АКъУ-м хэтым чIэхьанхэ зэралъэкIыщтыр ятIуагъ. Гукъау нахь мышIэми, адыгабзэм рылэжьэнхэ алъэкIынэу ащи бэп непэ къычIэкIырэр. ЕтIани, зы шэпхъэ пытэ сэ сшъхьэкIэ агурызгъэIуагъ: журналист ухъу пшIоигъомэ укIытэр Iуогъэкlотышъ, Iэдэбыр, гупшысэр, акъылыр, гулъытэр «хэогъанэхэшъ», IофшIэным уфежьэ. Непэ ныдэлъфыбзэм нахь игъэкIотыгъэу тыдэлэжьэн фае. Джырэ мафэхэм журналистикэм шIыкIэ зэфэшъхьафэу ыгъэфедэхэрэм адиштэу адыгабзэр ахэм ядгъэкIузэ тырылэжьэн фае. Ащ пае сэнэхьатым къыхэхьэрэ ныбжьыкIэхэм, щэч хэмылъэу, ныдэлъфыбзэр дэгъу дэдэу ашIэнныр ищыкIагъ.

МэзитIум къехъурэ лъэпкъ журналистым иеджапIэ тишъыпкъэу тыщылэжьагъ. Шэмбэт къэс гъогум тетыгъэхэмкIэ ар багъэ, ау шIэныгъэ икъу яптынымкIэ мэкIагъэ. Сыдэу щытми, апэрэ лъэбэкъу цIыкIухэр журналист сэнэхьатым щядгъэшIыгъэх. Фэдэ къыхэмыкIыгъэу тарихъ мэхьанэ зиIэ ушэтыным тыхэлэжьагъ. КъэкIорэ илъэсми еджапIэм иIофшIэн лъигъэкIотэщт, ары Союзым ипащэу ТIэшъу Светланэ гухэлъэу иIэр. Ащ ишIуагъэу къэкIуагъэр, тигугъэапIэмэ зыкъагъэшъыпкъэжьыщтмэ тапэкIэ къэнэфэщт.

**ТЭУ Замир**.




# Адыгэ пIуаблэм и Ун

АР-м инароднэ сурэтышIэу ГъукIэ Замудин лъэпкъ культурэм изы пкъыгъо хьалэмэтэу пIуаблэм ихьакIэщ-музей иунэ къыщызэIуихыгъ. ПIуаблэм тарихъэу пылъыр, ащ ишIыкIэ, зэрагъэфедэрэр IэпэIасэм «Адыгэ макъэм» къыфиIотагъ.

- ПIуаблэм ишIын сыдэущтэу укъыфэкIонэу хъугъа, сыдэущтэу ащ ишIын къыпIэкIэхьагъ?

- ЦIыфыр щэIэфэ шIэныгъэ зэфэшъхьафыбэ егъоты. Лъэпкъым тарихъ гъогоу къыкIугъэр, ишэн-хабзэхэр, иIэшIагъэхэр сыдигъуи сшIогъэшIэгъоныгъ. 1980 - 1985-рэ илъэсхэм Адыгеимрэ Къэбэртаерэ ячылэхэр къэскIухьэзэ, нахьыжъхэм пIуаблэм икъэбар къязгъэIотэжьыгъ. Ахэм къахэсшыпыкIыгъэ гущыIэхэу пIуаблэм къешIэкIыгъэхэр хэтхэу гущыIалъэ зэхэзгъэуцуагъ, тхылъэу «Адыгэ пIуаблэхэр» къыдэзгъэкIыгъ. Ащ осэшхо зиIэ тхыгъэхэр дэхьагъэх. ТхылъымкIэ пшъэрылъ шъхьаIэу сиIагъэр пIоблэ зэмылIэужыгъоу адыгэхэм яIагъэхэм ясурэтхэр ухъумэгъэнхэр, адыгэ IэшIэгъэ хьалэмэтым джырэ ныбжьыкIэхэр къыфэгъэущыгъэнхэр ары. Мы тхылъыр илъэсыбэрэ сыздэлэжьэгъэ ушэтыным изэфэхьысыжь хъугъэ. Лъэпкъ культурэр зышIогъэшIэгъонхэм ар къашъхьапэнэу сыщэгугъы.

- Адыгэ пIуаблэр лъэпкъ тарихъым щыщ. Тхылъым сыд фэдэ IэшIагъэха дэхьагъэхэр?

- Лъэпкъ культурэм изы пкъыгъо хьалэмэтэу пIуаблэм ехьылIэгъэ къэбархэмрэ сурэтхэмрэ тхылъым щызэхэугъоягъэх. Искусствэм илъэгапIэ нэсэу пIуаблэхэр зэрэшIыгъэнхэ фаер ащ къыщысIотагъ. Пэсэрэ пIуаблэхэм ащыщэу къэнэжьыгъэхэр, хъарзынэщхэм ачIэлъхэр зы купышхоу зэзгъэуIужьыгъэх ыкIи ушэтын куухэр ясшIылIагъ. Дунаим щыцIэрыIо шIэныгъэлэжьхэм ястатьяхэр тхылъым къыдэхьагъэх. Ахэм сэ сиушэтынхэр къакIэлъэкIох. ПIуаблэм итарихъ, ишIыкIэ, зэрагъэфедэрэр, тхыпхъэ-кIыпхъэу зэрагъэкIэракIэрэр ащ къыщысIотагъ. ПIоблэ 600-м ехъу, иными цIыкIуми, къыхэзгъэщыгъ. Ахэм ахэт ямышIыкIэ гъэпсыкIэ зиIэ пIоблитIу уарзэм хэшIыкIыгъэхэу, алырэгъум фэдэхэу. Я XIX-рэ лIэшIэгъум къыщыублагъэу джырэ уахътэм нэс ашIыгъэхэу Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музей чIэлъ пIоблэ 85-рэ, Урысыем имузей зэфэшъхьафхэм - 244-рэ, гуманитар ушэтынхэмкIэ Къэбэртэе-Бэлъкъар институтым, унагъохэм арылъхэу 88-рэ ыкIи джырэ пIоблэшIхэм яIэшIэгъи 132-рэ ушэтыным хэзгъэлэжьагъэх.

- Сыда пIуаблэм ишIын къызщежьэрэр?

- АпэрэмкIэ, пIуаблэм ишIын уфэен фае. ЯтIонэрэмкIэ, орыжъым укIонышъ, IутIэныр къэпхын, бгъэкъэбзэн, птхъын, зэхэбдзын, бгъэгъун фае. IутIэныр мазэрэ тыгъэм хэлъэу мэгъу ыкIи хьазыр мэхъу.

- Адыгэ пIуаблэхэм яинагъэ, ятеплъэ шэпхъэ гъэнэфагъэ горэ яIа? Сыда ахэр зэрэзэтекIхэрэр?

- Адыгэ пIуаблэхэм яинагъэ, ятеплъэ, зэрагъэфедэрэм, шъоу яIэм, зыхэшIыкIыгъэхэм, тхыпхъэхэр зэрахэгъэщэгъэ шIыкIэм ялъытыгъэу купиплIэу гощыгъэх: цыр агъапцIэ зыхъукIэ агъэфедэрэ пIуаблэр - ащ ший раIо, пIоблэ шъоззикI инхэр, пIоблэжъыехэр, зэмышъогъу орзэ пIоблэ алырэгъухэр. Ау сыдми пIоблэпсымрэ IутIэнымрэ зэблыгъэ къодыеу пIуаблэр щытэп. Мыр адыгэ алырэгъоу лъэпкъым идышъэ кIэнэу щыт. Ар джэхашъом лъэгукIадзэу тырадзэщтыгъ, дэпкъым палъэщтыгъ, нэмазлыкъэу ашIыщтыгъ.

- Анахь пIоблэ нахьыжъэу мы унэм къыщыгъэлъэгъуагъэр сыд фэда? IэшIагъэ пэпчъ къэбар гъэнэфагъэ иIа?

- ХьакIэщ-музеим къыщыгъэлъэгъогъэ пIуаблэхэм анахьыжъым илъэс 200 ыныбжь. Анахь ныбжьыкIэу илъэс 25-рэ зыныбжьыр сэ сиIэшIагъэу щыт. ПIуаблэ пэпчъ зышIыгъэм, уахътэу, чIыпIэу зыщишIыгъэм, зыхишIыкIыгъэм, шIыкIэу иIэм, чIыпIэу зыщаухъумэрэм якъэбархэр апытхагъэх.

- ПIуаблэхэм яшIыкIэ непэ къэIэтыжьыгъэным Iофышхо дэошIэ.

- Мы лъэпкъ IэшIагъэр къэIэтыжьыгъэныр Iофыгъошхоу щыт. ПIуаблэр зыблэщт ныбжьыкIэхэр гъэсэгъэнхэ фае. Адыгэ Республикэм культурэмкIэ и Министерствэрэ лъэпкъ культурэм и Гупчэрэ пIоблэшIынымкIэ IэпэIасэхэр гъэхьазырыгъэнхэмкIэ унашъоу зэдаштагъэм ипроектышхо 2023-рэ илъэсым сыхэлэжьагъ. СихьакIэщ-музей Адыгеим культурэм и Унэу итхэм ащылажьэхэрэр къедгъэблагъэхи, пIоблэшIыным пылъ Iофыгъохэр, итарихъ гъогу къафэтIотагъ. Нэужым Мыекъуапэ пэмычыжьэу щыт псыуцугъэм десэхэр щылъыдгъэкIотагъэх.

- Я XIX - XX-рэ лIэшIэгъухэм пэсэрэ пIоблэшIхэм яIэшIагъэхэмрэ джырэ лъэхъаным ашIыгъэхэмрэ сыда зэрэзэтекIыхэрэр?

- ЯмышIыкIэ гъэпсыкIэ зиIэ пIуаблэхэр уарзэм хашIыкIыщтыгъэх. Джы - IутIэн къодыем.

- ХьакIэщ-музеим къэгъэлъэгъонхэр щыреогъэкIокIыха?

- ШIэныгъэкIуапIэ хъурэ зэIукIэгъухэм сафэхьазыр. Адыгеим щыпсэухэрэр, Урысыем ыкIи IэкIыбым къарыкIыгъэ зекIохэр къызэрэтфакIохэрэм лъэшэу тегъэгушIо. Адыгэ пIуаблэр лъэпкъ кIэн баеу зэрэщытыр тырыгушхозэ ятэгъэлъэгъу, ишIыкIэ ятэгъашIэ. Мы гъэмафэм Тайвань къикIыгъэ зекIор хьакIэщ-музеим къытфеблэгъагъ. Адыгэ лъэпкъым кIэн баеу иIэр ыгъэшIэгъуагъ.

Лъэпкъэу тызщыщым уасэ фэтшIынымкIэ, тыбзэ, тихабзэхэм ягугъу тшIынымкIэ, ныбжьыкIэхэм зэхядгъэхынымкIэ, лъэпкъ IэпэщысэшIыным фэдгъэсэнхэмкIэ Iофышхо тшIэн фае. Лъэпкъ культурэр зышIогъэшIэгъон пстэури хьакIэщ-музеим къесэгъэблагъэх, типчъэхэр зэIухыгъэх.



**ЛЪЭПШЪЫКЪО Фатим**.

## Мэрем, дыгъэгъазэм и 26

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00**, **12.00**, **15.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00**, **12.15** «Время покажет» (16+)
**14.00**, **17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** «ДОстояние РЕспублики»
**23.45** Х/ф «ОЛИВЬЕ» (18+)
**01.20** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00**, **11.00**, **14.00**, **20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ШУША» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Х/ф «ПОСЛЕДНИЙ БОГАТЫРЬ. ПОСЛАННИК ТЬМЫ» (16+)
**23.30** Х/ф «ЛЕД-3» (16+)
**01.50** Х/ф «АИСТ НА КРЫШЕ»

### НТВ

**04.45** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00**, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00** «Сегодня»
**08.25** Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
**09.25**, **10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ» (16+)
**11.00** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ. СУДЬБЫ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «ТАЙНЫЙ СОВЕТНИК»
**22.15** «Квартирник НТВ у Маргулиса» (12+)
**02.00** Д/ф «Гуля» (16+)
**02.50** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.40** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.40** Т/с «ЗОЛОТОЙ КАПКАН» (16+)
**09.00**, **13.00**, **17.00**, **19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.05**, **13.20** Т/с «ОХОТНИКИ ЗА БРИЛЛИАНТАМИ» (16+)
**14.25**, **15.05**, **17.10** Т/с «ОХОТНИКИ ЗА БРИЛЛИАНТАМИ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Треблинка. Преступление и наказание»
**20.30** Д/с «Война миров» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!»
**23.30** «Музыка+». «Просто любить, просто мечтать, просто хочу вам пожелать хорошего Питера!» Народный артист РСФСР Михаил Боярский»
**00.50** Х/ф «ФОРМУЛА ЛЮБВИ»
**02.15** Х/ф «АДМИРАЛ УШАКОВ» (16+)
**04.00** Д/с «Освобождение Европы. О чем не помнит мир спасенный...» (16+)
**04.40** Х/ф «КОРАБЛИ ШТУРМУЮТ БАСТИОНЫ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Эпизоды
**08.05** Х/ф «ЦЫГАНСКИЙ БАРОН»
**09.30** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**10.00**, **12.30**, **17.00**, **19.30**, **23.25** Новости культуры
**10.15**, **01.20** «ХХ век»
**10.50** «Кюхля». Телеспектакль. Режиссер - А. Белинский. Запись 1963 года
**12.45** Д/с «Забытое ремесло»
**13.00** «Звезда бессмыслицы. ОБЭРИУты». К 80-летию Михаила Левитина
**13.35** Х/ф «БОЛЬШАЯ ПЕРЕМЕНА» (16+)
**14.45** 80 лет Академическому оркестру русских народных инструментов имени Н. Н. Некрасова телерадиоцентра «Орфей». «И песня в сердце отзовется, как эхо памяти живой». Концерт. Дирижер Евгений Волчков
**17.15** Семидесятые
**17.30** Царская ложа
**18.15** Д/ф «Небесные ласточки». Моя милая Бабетта! Странно это, странно это!»
**19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**19.45** Всероссийский открытый телевизионный конкурс юных талантов «Синяя Птица»
**21.20** Д/ф «Чукотка так и не отпустила нас»
**22.30** «2 Верник 2»
**23.40** Х/ф «ИЗ УФЫ С ЛЮБОВЬЮ!»
**02.00** Д/с «Искатели»
**02.45** М/ф «Кто расскажет небылицу?»

### МАТЧ!

**06.00** География спорта (12+)
**06.30** «Формула-1. Гаснут огни»
**07.00**, **09.00**, **12.55**, **15.30** Новости
**07.05**, **11.35**, **15.35**, **21.35**, **00.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Небесная грация» (6+)
**09.25** Д/ф «Роджер Федерер. Путь чемпиона» (12+)
**10.30** Смешанные единоборства. Дж. Селимханов - Р. Керимов. АСА. Трансляция из Грозного (16+)
**12.35** Лица страны (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.20** Д/с «Непридуманные истории» (12+)
**15.00** Магия большого спорта (12+)
**16.45** Д/ф «Двенадцатый игрок»
**19.00** Волейбол. Суперкубок России. Мужчины. Финал. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**22.00** Бильярд. BetBoom. Кубок мира. Финал. Прямая трансляция из Москвы
**01.00** Смешанные единоборства. Д. Порье - Дж. Гейджи. UFC. Трансляция из США (16+)
**02.00** Д/ф «Марадона Кустурицы»
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Баскетбол. «Локомотив-Кубань» (Краснодар) - ЦСКА. Winline Basket Cup (6+)

## Щэбэт, дыгъэгъазэм и 27

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00**, **12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Иванушки International». Тоже являются частью Вселенной» (12+)
**11.10** Поехали! (12+)
**12.15** Д/ф «Чудеса спасения». К Дню спасателя (12+)
**13.15** Д/ф «Рождение легенды» (12+)
**16.55** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Сегодня вечером» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** Что? Где? Когда? (16+)
**23.20** «Команды» (16+)
**00.25** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00**, **14.00**, **17.00**, **20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.40** Вести. Местное время
**15.00** Х/ф «ПОСЛЕДНИЙ БОГАТЫРЬ. ПОСЛАННИК ТЬМЫ» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «МЫ В РАЗВОДЕ» (16+)
**00.40** Х/ф «ЛЕД-3» (16+)
**02.55** Х/ф «НОВОГОДНЯЯ ЖЕНА» (16+)

### НТВ

**04.40** Х/ф «СПАСАТЕЛЬ» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (16+)
**08.00**, **10.00**, **16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**13.00** «Сатья» (16+)
**14.00** «Секрет на миллион» (16+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** «Браво! Бис!» (12+)
**23.30** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**01.30** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**02.00** ЧП. Расследование (16+)
**02.30** «Дачный ответ» (0+)
**03.25** Х/ф «ВРАЧА ВЫЗЫВАЛИ?»

### ЗВЕЗДА

**06.10** Х/ф «ЛЕДЯНАЯ ВНУЧКА» (16+)
**07.25** Х/ф «КРЕПКИЙ ОРЕШЕК» (16+)
**09.00**, **13.00**, **19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**10.35** «Не факт!» (12+)
**11.05** «Легенды музыки» (12+)
**11.35** «Легенды кино». Эраст Гарин (12+)
**12.30** «Жить после». Игорь Какушкин (16+)
**13.15** Д/ф «Петровка. Шестая часть. Огненный рубеж Донбасса» (16+)
**14.00** «По горячим следам» (16+)
**14.25** Т/с «СИНДРОМ ШАХМАТИСТА» (16+)
**18.35**, **19.25** Х/ф «ДОРОГОЙ МОЙ ЧЕЛОВЕК» (16+)
**21.15** «Галерея Звезд». Михаил Державин (12+)
**23.05** Х/ф «НЕБО ИЗМЕРЯЕТСЯ МИЛЯМИ» (16+)
**02.25** Х/ф «В ДОБРЫЙ ЧАС!» (16+)
**04.00** Х/ф «КРЕПКИЙ ОРЕШЕК»
**05.15** Д/с «ВМФ СССР. Хроника Победы» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Библейский сюжет
**07.05** М/ф «Мультфильмы»
**08.15** Х/ф «ВЕСЕЛАЯ ВДОВА» (16+)
**10.35** Д/ф «Сюжеты зимней Тарусы»
**11.20** Х/ф «ГОРИ, ГОРИ, МОЯ ЗВЕЗДА»
**12.50** Шоу открытия III Международного буддийского форума «Кочевье народа»
**13.45** Д/ф «Жизнь сурка»
**14.45** Рассказы из русской истории
**15.35** Выпускной спектакль Академии русского балета имени А.Я. Вагановой в Государственном Кремлевском дворце
**17.50** Х/ф «ТЕНИ НАД НОТР-ДАМ» (16+)
**19.30** Новости культуры
**19.45** Спектакль-посвящение «Я Вас люблю всю жизнь и каждый день». Инна Чурикова и Глеб Панфилов
**21.45** Х/ф «ПЛАЩ КАЗАНОВЫ»
**23.25** Д/ф «Роман в камне»
**23.50** Х/ф «ВСЕМ - СПАСИБО!..»
**01.25** Д/ф «Жизнь сурка»
**02.20** М/ф «Мультфильмы для взрослых»

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. И. Махачев - А. Волкановски. UFC. Трансляция из Австралии (16+)
**07.00**, **09.00** Новости
**07.05**, **12.05**, **15.35**, **18.00**, **22.00**, **00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** М/с «Чемпионы» (6+)
**09.30** Д/ф «Килиан Мбаппе. Восходящая звезда» (12+)
**10.30** Лыжные гонки. ФосАгро. Кубок России. Спринт. Прямая трансляция из Кировской области
**12.35** Лыжные гонки. ФосАгро. Кубок России. Спринт. Прямая трансляция из Кировской области
**15.55** Футзал. Бетсити. Кубок лиги. Финал. Прямая трансляция из Кемерова
**18.50** Матч! Парад (6+)
**19.50** Футбол. «Удинезе» - «Лацио». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**22.35** Футбол. «Пиза» - «Ювентус». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.55** Лыжные гонки. ФосАгро. Кубок России. Спринт. Трансляция из Кировской области
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Волейбол. Суперкубок России. Мужчины. Финал. Трансляция из Санкт-Петербурга

## Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 28

### 1

**06.00**, **10.00**, **12.00** Новости
**06.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**06.35** Играй, гармонь любимая!
**07.20** «Часовой» (12+)
**07.50** «Здоровье» (16+)
**08.55** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.40** «Непутевые заметки» (12+)
**10.15** Д/ф «Главная роль». К 110-летию киностудии имени Горького (12+)
**11.10** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** «Будем жить!» (16+)
**13.15** «Видели видео?» (0+)
**14.50** Д/ф «Сергей Безруков. И снова с чистого листа» (16+)
**15.55** Театрализованный концерт, посвященный Сергею Есенину. Памяти поэта (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «Три аккорда» (16+)
**21.00** «Время»
**23.00** «30 лет вместе». «Песни о главном»

### РОССИЯ 1

**05.30** Х/ф «СКАЗКИ РУБЛЕВСКОГО ЛЕСА» (16+)
**07.20** «В кругу друзей»
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** Утренняя почта с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00**, **15.00** Вести
**11.45** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.20** «Аншлаг и Компания» (16+)
**15.45** Вести. Местное время
**16.15** «Песни от всей души» (12+)
**17.20** «Всероссийский открытый телевизионный конкурс юных талантов «Синяя Птица». Финал
**19.00** «Песни от всей души» (12+)
**20.00** Вести недели
**22.30** Москва. Кремль. Путин
**23.00** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**01.35** Х/ф «СКАЗКИ РУБЛЕВСКОГО ЛЕСА» (16+)

### НТВ

**04.50** Х/ф «ТЫ МНЕ СНИШЬСЯ...»
**06.40** «Центральное телевидение»
**08.00**, **10.00**, **16.00** «Сегодня»
**08.20** Х/ф «ЛОВУШКА» (16+)
**10.20** Основано на реальных событиях (16+)
**14.00** «Секрет на миллион» (16+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Скандалы. Интриги. Расследования» (16+)
**18.00** «Новые русские сенсации»
**19.00** Итоги недели
**20.20** «Шоу Аватар» (12+)
**23.15** «Звезды сошлись» (16+)
**00.50** «Основано на реальных событиях» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.40** Х/ф «ВНИМАНИЕ! ВСЕМ ПОСТАМ...» (16+)
**07.00** Х/ф «БУДУ ПОМНИТЬ» (16+)
**09.00** Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
**09.25** «Служу России» (12+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Мария Фортус (12+)
**11.30** «Легенды госбезопасности». «Надежда Троян. Охота на «Кабана» (16+)
**12.20** Д/с «Война миров» (16+)
**13.10** «Код доступа» (12+)
**14.00** «Улика из прошлого» (16+)
**14.50** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**15.40** Д/с «Секретные материалы»
**16.30** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Шелепин против Брежнева. Борьба за власть»
**17.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**18.00** Главное с Ольгой Беловой
**19.40** Д/с «Легенды советского сыска» (16+)
**23.00** «Фетисов». Ток-шоу (12+)
**23.55** Х/ф «ДОРОГОЙ МОЙ ЧЕЛОВЕК» (16+)
**01.40** Х/ф «БУДУ ПОМНИТЬ» (16+)
**03.15** Д/с «Освобождение Европы. О чем не помнит мир спасенный...» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** М/ф «Маугли»
**08.15** Х/ф «ВСЕМ - СПАСИБО!..»
**09.50** «Острова»
**10.30** Х/ф «КАРЬЕРА ДИМЫ ГОРИНА» (16+)
**12.10** Д/ф «Омолон. Притяжение тундры»
**13.05** Всероссийский фестиваль любительских творческих коллективов. Гала-концерт
**14.30** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**15.00** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**15.40** XXXIV Церемония вручения Первой театральной премии «Хрустальная Турандот»
**17.15** Пешком...
**17.45** Х/ф «ТЕНИ НАД НОТР-ДАМ» (16+)
**19.30**, **19.45** Новости культуры
**20.25** Вечер-посвящение Николаю Добронравову «В песнях останемся мы... «
**22.05** Х/ф «ПРИХОДИ НА МЕНЯ ПОСМОТРЕТЬ...» (16+)
**23.50** Д/ф «Роман в камне»
**00.20** Х/ф «ГОРИ, ГОРИ, МОЯ ЗВЕЗДА» (16+)

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. И. Махачев - А. Волкановски. UFC. Трансляция из ОАЭ
**07.00**, **09.00** Новости
**07.05**, **19.25**, **22.00**, **00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** М/с «Команда МАТЧ» (0+)
**09.30** Д/ф «Пеле. Король футбола»
**10.30** Лыжные гонки. ФосАгро. Кубок России. Скиатлон. Женщины. Прямая трансляция из Кировской области
**12.25** Лыжные гонки. ФосАгро. Кубок России. Скиатлон. Мужчины. Прямая трансляция из Кировской области
**13.55** Лыжная страна
**14.25** Баскетбол. «Уралмаш» (Екатеринбург) - УНИКС (Казань). Единая лига ВТБ. Прямая трансляция
**16.30** Хоккей. ЦСКА - «Спартак» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**19.50** Футбол. «Болонья» - «Сассуоло». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**22.35** Футбол. «Аталанта» - «Интер». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.55** Лыжные гонки. ФосАгро. Кубок России. Скиатлон. Женщины. Трансляция из Кировской области (6+)
**02.55** Лыжные гонки. ФосАгро. Кубок России. Скиатлон. Мужчины. Трансляция из Кировской области (6+)

## ОТР

**Блыщхьэ, дыгъэгъазэм и 22**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Дэфтэрхэмрэ щыхьэтхэмрэ» (12+)
**6.40** «Хэкупсэхэу къэгъэтэджын». КъБР-м и ДОСААФ-р (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «УщиякIуэхэр». Забаковэ Танзиля (12+)
**7.40** «Зэпсэлъэныгъэ». Къумахуэ Элинэ (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «КъэкIуэнум и дуней» (12+)
**8.30** «Сабийхэм я дуней» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.25** «Гур макъамэкIэ дгъэнщIынщ» (12+)
**18.05** Наркотикым зыщыхъумэн (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, дыгъэгъазэм и 23**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**6.30** «Узыкъуэтмэ улъэщщ». Республикэ фестиваль
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Ди зэманым и лIыхъужьхэр». ХьэхъупащIэ Алан (12+)
**7.20** Наркотикым зыщыхъумэн (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Хацыбанэ» (12+)
**8.45** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Партитура» (12+)
**17.40** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**18.15** «Узыщыгугъыпхъэр» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, дыгъэгъазэм и 24**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Узыщыгугъыпхъэр» (12+)
**6.40** «БлэкIам щыщ теплъэгъуэхэр» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Си ЩоджэнцIыкIу Алий» (12+)
**7.25** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Партитура» (12+)
**8.40** «Зэгъусэу доджэ» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** Спортым и зэман (12+)
**17.25** «Песня далекая и близкая» (12+)
**17.55** «Ди хуитыныгъэхэр». Юристхэм чэнджэщ къыдат (12+)
**18.35** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, дыгъэгъазэм и 25**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «Ди хуитыныгъэхэр». Юристхэм чэнджэщ къыдат (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Песня далекая и близкая» (12+)
**7.45** Гъуазджэм теухуауэ (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** Спортым и зэман (12+)
**8.25** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
**17.20** «Жылагъуэмрэ динымрэ» (12+)
**17.50** «Тхыдэм къыхэщхэр». Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Дэгужьей Виталий. Япэ нэтын (12+)
**18.30** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, дыгъэгъазэм и 26**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**6.25** «Тхыдэм къыхэщхэр». Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Дэгужьей Виталий. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Жылагъуэмрэ динымрэ» (12+)
**7.40** «Литературэ къеджэныгъэхэр». КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «КъэкIуэнум и дуней» (12+)
**8.35** «ХъуэпсапIэм дамэ къызытригъэкIахэр» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Уи зэманыр». ЩIалэгъуалэ нэтын (12+)
**17.45** Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ пшыхь. Япэ Iыхьэ (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, дыгъэгъазэм и 27**

**6.00** «Узыншагъэр хъумэн» (12+)
**6.30** «Псэм къыбгъэдэкI псалъэмакъ Ярошенкэ Александр и гъусэу» (12+)
**7.00** «И гъащIэр IэщIагъэм теухуат». КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Жылау Нурбий (12+)
**7.25** «ПцIым и дурэшхэр». Телефильм (16+)
**8.05** «Уи зэманыр». ЩIалэгъуалэ нэтын (12+)
**8.35** «ПщафIэ цIыкIухэр». Сабийхэм папщIэ нэтын
**17.00** «Удэзыхьэх Iуэхухэм я клуб» (6+)
**17.35** «Зэманым екIуу». Тележурнал (12+)
**18.00** «Бзылъхугъэ сурэт». Беслъэней Замирэ (12+)
**18.30** «Телъыджэр – гъунэгъущ». КъБР-м и цIыхубэ артист Балъкъэр Юрэ (12+)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 28**

**6.00** «Бзылъхугъэ сурэт». Беслъэней Замирэ (12+)
**6.30** «Дэнэ къыщыщIидзэр Хэкум?» (12+)
**6.50** «Уафэм и бжэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан (12+)
**7.25** «Ракурс». ПщафIэ нэхъыжь Сэбаншы Резуан
**8.00** «Зэманым екIуу». Тележурнал (12+)
**8.25** «Удэзыхьэх Iуэхухэм я клуб» (6+)
**17.00** «IэпщIэлъапщIэхэм я къалэ». ДыщэкI КIэбышэ Алинэ (12+)
**17.35** «Скрипач». Абей СулътIанбэч (12+)
**18.00** «Парламент сыхьэт» (12+)
**18.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

# Утыку зэрихьэр лъапэщ

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым цIыхубэм IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ зэрарит и программэхэр щыIэ егъэджэныгъэ пщалъэхэм хуэкIуэу зэрызэхалъхьэ щIыкIэхэм, лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ Iэмалхэм зыбжанэ щIауэ гулъытэ ин щагъуэт дунейпсо утыкум. А щытыкIэ щIагъуэм щыхьэт техъуэ щапхъэхэр мащIэкъым, ауэ нэхъ нэрылъагъухэм ящыщщ абы и IэщIагъэлIхэр къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я университетхэм, щIэныгъэхутэ институтхэм, лъэпкъ центрхэм дунейпсо еджэныгъэ пщалъэхэр зэрагъэзащIэр къапщытэну, абдеж щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я фIагъыр къалъытэну зэрырагъэблагъэр.**



АПХУЭДЭ дзыхьым къегъэлъагъуэ ди щIыналъэм и дамыгъэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лэжьакIэр зэрызэтегъэпсыхьар, щIэныгъэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэмрэ къыщекIуэкI щIэхэмрэ жылагъуэм и гъащIэм хапщэну зэрыхэтыр, сыт хуэдэ еджэныгъэ пщалъэми цIыхум и щхьэпэ зэрекIын гъуэгу къыхуилъыхъуэну иужь зэритыр. УФ-м щIэныгъэмрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министр Фальков Валерэ къызэрыхигъэщыгъащи, КъБКъУ-р зыхущIэкъур еджэныгъэм щыпашэу щытын къудейракъым, абы зыхуигъэувыжа къалэнхэр хэпщIыкIыу инщ: Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм и мызакъуэ, къэрал псом щIэныгъэхутэ лэжьыгъэхэмкIэ пэрыт щыхъуныр, и зэфIэкIхэр хамэ къэралхэм щызэлъегъэщIысыныр. ИпэжыпIэкIэ, зэрыщытри араш: хамэ къэралхэм къикI щIалэгъуалэ куэдыр КъБКъУ-м къыщIоупщIэ, абдеж IэщIагъэ щызрагъэгъуэтыныр игъуэу ялъагъуу. Шэч хэмылъу, апхуэдэпщIэ лъэпкъ университетым къыхудэзыхыр и егъэджакIуэхэращ.

Зи гугъу тщIы ехъулIэныгъэхэр КъБКъУ-м къыхэзыххэм ящыщщ абы щенгъасэмкIэ, психологиемрэ спорт щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и доцент, физикэмрэ есэп щIэныгъэхэмкIэ кандидат Табыщ Тимур. Иджыблагъэ абы Таджикистан къэралым и Лъэпкъ университетым егъэджэныгъэ-щIэныгъэ Iуэхухэр иригъэкIуэкIыну хуит зыщI аккредитацэр етыныкIэ дунейпсо къэпщытакIуэ гупым и унафэщIу лэжьыгъэшхуэ къарихьэлIащ. Табыщыр илъэсипщI хъуауэ ядолажьэ Лъэпкъ университетхэм аккредитацэ етынымрэ я фIагъыр къэлъытэнымкIэ зыми IэщIэмылъ IуэхущIапIэм (НААР). ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ цIыхубэм езыт еджапIэхэм я лэжьэкIэр къэпщытэнымкIэ а IуэхущIапIэм щригъэкIуэкI лэжьыгъэр Табыщ Тимур щригъэжьар УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я фIагъыр къэзылъытэ къулыкъущIапIэм (Рособрнадзор) Егъэджэныгъэмрэ лъэпкъ аккредитацэ IуэхущIапIэрщ. Абы зэрылэжьа пIалъэм къриубыдэу Табыщ Тимур къэралым ит университет 30-м щIигъум Iуэху ядищIащ, абыхэм къыхалъхьа еджэныгъэ икIи къэхутэныгъэ жэрдэмхэм я зэхэлъыкIэ-гъэпсыкIэмрэ ахэр хэгъэгу егъэджэныгъэ политикэм и жыпхъэм зэрызагъэмкIэ къэпщытэныгъэхэр иригъэкIуэкIащ. Абы и фIыщIэ хэлъщ Урысейм и университет зыбжанэм я лэжьэкIэм хэлъ щыщIагъэхэр зэрагъэзэхуэжу щыпIэхэм щаIэ мыхьэнэмрэ пщIэмрэ зэрахъумэфам.

Табыщ Тимур УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ щекIуэкI лэжьыгъэм и фIагъыр къэзылъытэ къулыкъущIапIэм зи пIалъэр имыкI федеральнэ къэпщытакIуэ IэнатIэр къыхуигъэфэщащ. Апхуэдэуи ар УФ-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм я къэпщытакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хигъэхьащ. Табыщым хузэфIэкIащ и гъуэнэхупIэм ит еджапIэм куэдым я гуныкъуэр ящхьэщихын, лэжьэкIэм и пIалъэмрэ гъуэгумкIэ игъэгъуэзэн. Къыхуагъэфэща IэнатIэр игурэ и псэрэ етауэ езыхьэкI щIалэм цIыхугъэмрэ пэжыгъэмрэ япэ ирегъэщ, ар зылъагъухэм IэнатIэм дзыхь къыхуащI. Апхуэдэу Табыщыр мызэ-мытIэу ирагъэблэгъащ Къэзахъстаным, Къыргъызым, Ермэлым, Азербайджаным, Узбекистаным, Таджикистаным я лъэпкъ университетхэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ щыIэ дунейпсо пщалъэхэр зэрагъэзащIэр къэзыпщытэ гупхэм хэту лэжьэну. Иужьрэй зекIуэм ар къэпщытакIуэ гупым я унафэщIу щытащ.

– КъэпщытакIуэхэм уащыщу улэжьэнымрэ гупым и унафэщIу лэжьыгъэр къызэбгъэпэщынымрэ зэщхь хуэдэу щытми, зэрызэщхьэщыкIыр мащIэкъым. Лэжьыгъэр унэтIыныр, гулъытэ зыгъуэтыпхъэхэр пIэщIэмыкIыныр Iуэхушхуэщ. Абы уи нэIэ зэпымычу тетын хуейщ. Сэ къызагъэза дзыхьым мыхьэнэшхуэ естащ. Ар пщэрылъщ, сыту жыпIэмэ лъэпкъ университетхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIагъым щIыналъэхэм я экономикэри жылагъуэ гъащIэри куэдкIэ елъытащ. Иужьрейуэ сыздэщыIар Таджикистан щIыналъэрщ. КъызэрымыкIуэу лэжьыгъэшхуэ щекIуэкI университетт къэтпщытэн хуейри, цIыхубэм щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ яритын папщIэ зэрылажьэ программэхэр набдзэгубдзаплъэу щIэтпщытыкIащ. Апхуэдэу дэ деплъащ «Менеджмент», «Журналистикэ», «Дунейпсо экономикэ», «Филологие», «Стоматологие», «Дунейпсо хабзэ» икIи нэгъуэщI унэтIыныгъэ куэдым я программэхэм, депсэлъылIащ языхэзымкIэ IэщIагъэ зэзыгъэгъуэт ныбжьыщIэхэм, упщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр еттурэ деуэршэрылIащ егъэджакIуэхэм. ЗэрыхъукIэ, лэжьыгъэм и IэнатIэ зэмыщхьэр къызэщIэдгъэхьащ. Ди гупым хэтащ Урысейм щыщ къэпщытакIуэхэм къищынэмыщIауэ, Великобританием, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Болгарием, Къэзахъстаным щыщхэри. ЖыпIэнуращи, гуп дыгъэлт, дэтхэнэми и къалэныр фIы дыдэу ищIэрт. Дызыхэтахэм я пщIэр яIыгъыжащ, я лэжьыгъэр нэсу къызэрызэрагъэпэщыр тлъэгъуащ, ауэ гу лъыдмытэуи дыблэкIакъым я лъэпкъ гупсысэкIэмрэ щэнхабзэмрэ я Iуэху щIэкIэм къытещу зэрыгъэпсари. СлъэмыкIыу сигу къэкIыжащ сыкъыщыхъуа хьэблэм дэса нэхъыжьыфIхэр. Абыхэм зэхэдз зыри дащIыртэкъым, щхьэж къыдэхъулIэр я гуфIэгъуэу, дыкъыщыщIэхэр я гухэщIу апхуэдэт. НэхъыжьыфIыр гъуазэщ. Абыхэм дащыукIытэу дыкъызэрыхъуарагъэнщ, дэри зэгуэр гулъытэ къэтлъыхъуэу дызэрыщытарагъэнщ - ди ужь къиувэхэм дызытет дунейр къазэрыхуэнэнум демыгупсысынкIэ Iэмал имыIэу дыщытщ. ЩIэблэм ебгъэлъагъу дахагъэращ къэнэнур, епт щIэныгъэращ гъащIэр зыIэтынур. Таджикистан университетым щеджэхэм куэдым ящIэу къыщIэкIынтэкъым дызытекIухьар, абы Iэмал къыдитащ зэрызэхэтыр и кIуэцIкIэ дыкъиплъэу тлъагъуну. КIэщIу жыпIэмэ, нэхъыжьыр нэхъыжьт, нэхъыщIэр нэхъыщIэт – щхьэж хуэфащэкIэ и Iуэху зэрихуэжырт. Си дежкIэ ар щапхъэщ. ЩIыпIэ куэдым ущызэхэзэкIуэкIэ, плъагъур узыхэтым иумыгъэпщэнкIэ Iэмал иIэкъым. Дэ къыддалъхуауэ щэнхабзэ лъэщ диIэщ, дызыхыхьэхэм япэ димыщынумэ, дакъыщIыкIэрыхун щхьэусыгъуэ зыри дбгъэдэлъкъым, дызыкIэлъыплъыжу, зыр адрейм и щхьэм етлъыту дыщыт къудеймэ. Сызыхэт лэжьыгъэр гъэсэныгъэми пыщIащ, еджэныгъэм хэлъ фIагъэ псори къэхутэнми епхащи, сыхущIокъу сызрихьэлIэ дахагъыр ди щIалэгъуалэми яхэспщэжыну, - жеIэ Табыщ Тимур.

Аращ, утыку зэрихьэр лъапэщи, къызэрикIыжыр напэщ, – жеIэ псалъэжьым. ЕджапIэм и щIыхьыр хъумэным къыщыувыIэркъым Табыщым и IэнатIэр, къызыхэкIа лъэпкъым и гугъур дахэкIэ егъэщIыныри и пщэ къыдохуэ. ЩIалэм и гуращэр къызэрехъулIэм шэч къытетхьэркъыми, IэнатIэми гъащIэми щефIэкIуэну ди гуапэщ.

*Тхыгъэри сурэтри*
**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал** *ейщ.*

# Пщащэм и щэныр фащэм къыхощ

***Адыгэ пащащэ жан, дэрбзэр, зи адыгэпсэр, зи гупсысэхэр лъэпкъ гурыгъуэкIэ къулей Щоджэн Дианэ Дзэлыкъуэдэс щыщ. КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым дэн-бзэным щыхуеджащ, и IэщIагъэм теухуауэ ехъулIэныгъэхэри иIэщ. Адыгэ бзылъхугъэ фащэхэр, европей фэилъхьэгъуэхэр ед, ахэр куэдым я гум дохьэ. Дианэ ида фэилъхьэгъуэхэм пщащэхэр гуфIэгъуэ пшыхьхэм ирокIуэ, фащэрэ щэнкIэ псоми къахэщу. И IэдакъэщIэкIхэмкIэ гъэлъэгъуэныгъэхэм хэтащи, абыхэм я гугъу фхуэтщIыну дыхуейщ. Налшыкрэ Георгиевскрэ щекIуэкIа Щоджэн Дианэ идахэм щыщ ишащи, абы тыдогъэпсэлъыхь.***

**- Дианэ, «Гиза-Моделс» агентствэм и проектым узэрыхэтрэ куэд дэкIакъым. Абы и гугъу къытхуэщIыт, дауэ екIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэр?**

- Жэпуэгъуэм и 25-м Георгиевск къалэм щекIуэкIащ дэрбзэр 26-рэ зыхэта фащэ гъэлъэгъуэныгъэ. ЕсэнтIыгу, Псыхуабэ, Черкесск, Грознэ, Ставрополь, Владикавказ къикIахэр хэтащ, сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу сахыхьащ. Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм я мурад нэхъыщхьэт дэрбзэр зэчиифIэхэр зэрагъэцIыхуну, зыр адрейм и лэжьыгъэхэм щагъэгъуэзэну, зэрагъэпсэлъэну, зэрагъэчэнджэщыну. Дэтхэнэ дэрбзэрым и дежкIи ар IэмалыфIу къызэлъытэ и зэфIэкIыр къипщытэжыным теухуауэ.

Зи гугъу тщIы гъэлъэгъуэныгъэр зэрекIуэкIынум и хьыбарыр интернет напэкIуэцIхэм къыщыслъэгъуат сэ езыр сызэлэжь коллекцэр хьэзыр щыхъу дыдэм ирихьэлIэу. Арати, абы сыхэтын хуейуэ, ар зы лъэбакъуэ дахэ схуэхъуну си гум жиIащ. КъызэзгъэпщакIуэхэм сахуэтхэри, егъэлеяуэ къысщыгуфIыкIащ, Налшык щыщ я Iуэхум зэрыхэтынур я гуапэу. Гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэр урыст езыхэр. Си фэилъхьэгъуэхэр яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхьащ, гъэлъэгъуэныгъэ махуэм, щатIэгъащ, гъуджэм бгъэдэтащ, «фащэхэр щыттIагъэри, фи щэнхабзэ дахащэм ифI къыдэкIа хуэдэу, ди псэр дахагъэ зэрымыщIэ гуэрым игъэнщIауэ зыхэтщIащ» жаIащ. А махуэм сэри утыкум сыкъихьэнут - си фащэхэр зыщыгъ пщащэхэм фIыщIэ тхылъхэмрэ статуэткэхэмрэ естынут, сыкъэпсэлъэнут. Адыгэ фащэ щыстIэгъащ. Iуэхур щекIуэкIым гъэлъэгъуэныгъэм еплъыну къэкIуахэм ящыщ зы пщащэ цIыкIу, илъэс зыхыбл хъууэ къыщIэкIынут, къызбгъэдыхьэри сызэпиплъыхьащ, си бгырыпхым, бгъэIулъым къеIусащ, «Сыту дахащэ адыгэхэм фи фащэр!» - жиIащ, и гур зэрыхъуэпсар и сабиинэ къабзэхэм щIэплъагъуэу. Мис а Iуэхугъуэхэм сэ нэхъри сагъэпIейтеящ, ди фащэр лъэпкъ щэнхабзэм и зы къэIуэтэкIэ лъэщу зэрыщытым сыщыгуфIыкIыу.

**- ЕтIуанэуи уи фащэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къыкIэлъыкIуащ. Налшык щекIуэкIа Iуэхуми ухэтащ. Фэилъхьэгъуэхэр бдыным дапхуэдиз зэман текIуэда?**

- ЩэкIуэгъуэм и 22-м Налшык, ЩIалэгъуалэм я унэм гъэлъэгъуэныгъэ дахэ къыщызэрагъэпэщащ «Школа моделей RT» IуэхущIапIэр зей ЛъыщIэж Розаннэ. Абы си гур утIыпщауэ, нэхъ сыгушхуауэ сыхэтащ, си унэ сыщыIэж хуэдэти. Мазищ-плIыкIэ селэжьащ пщащэхэр утыкум къызэрихьа си фэилъхьэгъуэхэм. Зыкъом щIауэ згъафIэрт зы гупсысэ - фэилъхьэгъуэ коллекцэ згъэхьэзырыну сыхуейт. Арати, Iуэху сщIыри, гугъу зезгъэхьащ, си лэжьыгъэр цIыхухэм я гум дыхьащ. ИкIукIэ дахэу екIуэкIащ фэщэхэм я гъэлъэгъуэныгъэр.




Абы траха нэтыныр къыщагъэлъэгъуэнущ Luxury HDTV телеканалым - абы цIыху мелуан 40 хуэдиз йоплъ. Мыри жысIэнут: пщащэхэм ящыгъа фэилъхьэгъуэхэр пасэрей фащэм и щытыкIэ дыдэм хуэдэу сщIакъым, атIэ си гупсысэ хэлъу къэзгъэщIэрэщIащ. Нэхъыбэу арауэ къысфIощI ахэр цIыхухэм ягу щIыдыхьар, щIэупщIэ щIиIэр.

**- Уи фэилъхьэгъуэхэм теухуауэ узыхэта мы IуэхугъуитIым къуата гурыщIэхэр сыт хуэдэ?**

- Зым и ужьым адрейр къиту сызыхэта IуэхугъуитIым си гур хагъэхъуащ. Иджыри зэ си фIэщ хъуащ гугъу узыдехь лэжьыгъэм къуит гуфIэгъуэр хуабжьу зэрыиныр. Пэжым ухуеймэ, къарущIи къысхыха хуэдэщ, сыдэну сыхуейщи, си гум щызызогъэзахуэ, си нэгуми щIэтыгъэххэщ иджы згъэхьэзырыну фащэхэм я теплъэр. Ди фащэхэр дунейм тет цIыху куэд къыщехъуапсэкIэ, ар щыттIэгъа нэужь, дэ лъэпкъ дыкъызыхэкIам къыдекIуэкIа зы къару лъэщ гуэр къыщытхыхьэкIэ, афIэкIа хэмытуи абы насыпыфIэ дыщищIыфIкIэ, дэ лъэпкъ дахэрэ уардэу дыщыIэн хуейщ, иджырей дунейм дэ гуапагъэрэ хуабагъэрэ хэтлъхьэу. Абы щыщ зы мащIэ тхузэфIэкIыу къызолъытэ.

**- Адыгэ фащэм бзылъхугъэм и щэным дахагъэ хелъхьэ... Фащэм къалэн гуэри къызэрыпщищIыр гурыIуэгъуэщ. А къалэныр уэ дауэ къэбгъэлъэгъуэнт?**

- Адыгэ фащэр щызытIэгъам и нэгур моуэ нэхъ нэхутхьэу зэрыхъум, абы и плIэм зэрызиухуэм, и Iэпкълъэпкъыр псынщIэ зэрыхъум, и плъэкIэм гъащIэ зэрыхэплъагъуэм гу лъыптагъэхэ?! Фащэ зыщыгъ адыгэ бзылъхугъэр зэкIужщ, Iэдэбщ, нэмысыфIэщ. «Фащэр зэкIужщи, зэкIужыр фащэщ», - жиIащ пасэрейм.

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

